

**BASA PROKEM KAWULA MUDHA ING DESA TUKINGGEDONG
KABUPATEN KEBUMEN**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Pendadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



Dening

Heri Priyanto

NIM 09205244065

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2015**

PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Basa Prokem Kawula Mudha Ing Desa Tukinggedong
Kabupaten Kebumen menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening
pembimbing.*



Yogyakarta, Desember 2014

Yogyakarta, Desember 2014

Pembimbing I

Pembimbing II

Siti Mulyani, M.Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

Avi Meilawati, S.Pd., M.A.

NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Prokem Kawula Mudha ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing surya kaping 2 Januari 2015 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI			
Nama	Jabatan	Tapakasma	Surya Kaping
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Ketua Penguji		16-01-2015
Avi Meilawati, S.Pd., M.A	Sekretaris Penguji		09-01-2015
Dr. Mulyana, M.Hum	Penguji I		07-01-2015
Dra. Siti Mulyani, M.Hum	Penguji II		09-01-2015

Yogyakarta, Januari 2015

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan


Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN


Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Heri Priyanto**
NIM : 09205244065
Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, Desember 2014

Panyerat



Heri Priyanto

SESANTI

Sapa gawe bakal nganggo, sapa nandur bakal ngundhuh.

Senenge sakreneng susahe saklentheng.

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Ngarsaning Gusti Allah SWT ingkang Maha Mirah lan Welas Asih *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kula kekalih Bapak Pasidi saha Ibu Salijem ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, saha kabegjan satemah *skripsi* kanthi irah-irahan “***Basa Prokem Kawula Mudha ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen***”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling pendadaran anggayuh gelar Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kula kangge sinau basa Jawi wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
4. Bapak Drs. Hartanto Utomo minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring piwulang ing sadangunipun maguru.
5. Ibu Siti Mulyani, M.Hum minangka pembimbing I saha Ibu Avi Meilawati, S.Pd M.A minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmu ingkang migunani saengga *skripsi* menika saged dipunpungkasi kanthi sae.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
7. Sedaya *staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta* ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru saengga saged rancag ing sedayanipun.
8. Tiyang sepuh kula, para sanak sedherek kula, saha Tri Wahyuni ingkang sampun paring panjurung, pandonga miwah sih katresnan.

9. Kanca-kanca saking kelas H PBD UNY angkatan 2009 sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurung dhateng panyerat.

Panyerat ngrumaosi bilih *skripsi* menika taksih tebih saking ingkang sinebat sampurna. Pramila saking menika sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jangkeping skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Ewa semanten panyerat ugi gadhah pangajeng-ajeng sageda skripsi menika migunani tumrap sinten kemawon ingkang maos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, Desember 2014

Panyerat



Heri Priyanto

WOSING ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	viii
DAFTAR TABEL	ix
DAFTAR LAMPIRAN	x
SARINING PANALITEN	xi
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	6
 BAB II GEGARAN TEORI	 7
A. <i>Sosiolinguistik</i>	7
B. <i>Variasi Basa</i>	8
1. <i>Variasi Basa Saking Segi Panuturipun</i>	10
a. <i>Idiolek</i>	10
b. <i>Dialek</i>	10
c. <i>Kronolek</i>	11
d. <i>Sosiolek</i>	11
2. <i>Variasi Basa Saking Segi Panganggenipun</i>	11

3. Variasi Basa Saking Segi <i>Keformalan</i>	12
a. <i>Ragam beku</i>	12
b. <i>Ragam resmi</i>	12
c. <i>Ragam usaha</i>	13
d. <i>Ragam santai</i>	13
e. <i>Ragam akrab</i>	13
4. Variasi Basa Saking Segi Sarana	13
C. Basa <i>Prokem</i>	14
D. Fungsi Panganggening <i>Prokem</i>	16
1. Ndamel sesambetan dados langkung akrab	17
2. Ndadosaken lucu	17
3. Nyingidaken satunggaling perkawis	18
4. Ndamel tetembungan ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	18
5. Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	18
6. Ngandharaken panyaruwe utawi kritik	18
E. Pandhapuking tembung <i>prokem</i>	19
1. kanthi muwuhi -ok-	19
2. kanthi <i>metatesis</i>	20
3. kanthi muwuhi -in	20
4. kanthi <i>singkatan</i>	20
5. kanthi ngangge tembung ingkang konsonan wiwitan sami kaliyan konsonan wiwitan tembung asalipun	21
6. kanthi mendhet saking basa sanes	21
7. kanthi mujudaken makna enggal	21
F. Kawula mudha	21
G. Desa Tukinggedong Kecamatan Puring Kabupaten Kebumen	24
H. <i>Konteks</i>	24
1. <i>Setting and Scene</i>	25
2. <i>Participants</i>	25
3. <i>End</i>	26

4. <i>Act</i>	26
5. <i>Keys</i>	26
6. <i>Instrumentalities</i>	26
7. <i>Norms</i>	26
8. <i>Genre</i>	27
I. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	27
J. Nalaring Pikir	28
 BAB III METODE PANALITEN	30
A. Jinising Panaliten	30
B. <i>Data</i> Panaliten	30
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	30
1. <i>Simak Bebas Libat Cakap</i>	31
2. <i>Simak libat cakap</i>	31
3. <i>Teknik Rekam</i>	32
4. <i>Teknik Nyathet</i>	33
D. Pirantining Panaliten	34
E. Cara Nganalisis <i>Data</i>	35
F. <i>Validitas saha Reliabilitas</i>	36
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	38
A. Asiling Panaliten	38
B. Pirembagan	46
1. Basa <i>prokem</i> pria	46
a. <i>Prokem</i> pria kanthi singkatan.....	47
1) <i>Prokem</i> pria kanthi singkatan kangge nyingidaken satunggaling perkawis	47
2) <i>Prokem</i> pria kanthi singkatan kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	50
3) <i>Prokem</i> pria kanthi singkatan kangge ndadosaken lucu	52
4) <i>Prokem</i> pria kanthi singkatan kangge ndadosaken	

langkung akrab	55
b. <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis	57
1) <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis kangge ndadosaken langkung akrab	58
2) <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis kangge nyingidaken satunggaling perkawis	60
3) <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik.....	63
4) <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	66
5) <i>Prokem</i> pria kanthi metatesis kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	68
c. <i>Prokem</i> pria kanthi mujudaken makna enggal	71
1) <i>Prokem</i> pria kanthi mujudaken makna enggal kangge nyingidaken satunggaling perkawis.....	71
2) <i>Prokem</i> pria kanthi mujudaken makna enggal kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	74
3) <i>Prokem</i> pria kanthi mujudaken makna enggal kangge ndadosaken lucu	77
d. <i>Prokem</i> pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun	79
1) <i>Prokem</i> pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ndadosaken langkung akrab.....	80
2) <i>Prokem</i> pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ndadosaken lucu	83
3) <i>Prokem</i> pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik	85

2. Basa <i>prokem</i> wanita	88
a. <i>Prokem</i> wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in.....	88
1) <i>Prokem</i> wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	89
2) <i>Prokem</i> wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in Kangge ndadosaken langkung akrab.....	91
b. <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f)	94
1) <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) kangge ndadosaken langkung akrab ...	94
2) <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus.....	97
c. <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanès	100
1) <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanès kangge ndadosaken langkung akrab.....	101
2) <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanès kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah.....	103
3) <i>Prokem</i> wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanès kangge nyingidaken satunggaling perkawis.....	106
BAB V PANUTUP	109
A. Dudutan	109
B. <i>Implikasi</i>	110
C. Pamrayogi	111
KAPUSTAKAN.....	113
LAMPIRAN.....	115

DAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1: Wujuding Kartu Data</i>	34
<i>Tabel 2: Wujuding Tabel Nganalisis Data</i>	36

DAFTAR LAMPIRAN

Cak-cakanipun basa <i>prokem</i> kawula mudha ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen.....	Kaca 115
---	-------------

**BASA PROKEM KAWULA MUDHA ING DESA TUKINGGEDONG
KABUPATEN KEBUMEN**

Dening Heri Priyanto

NIM 09205244065

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika ngandharaken basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen. Bab ingkang karembag inggih menika pandhapuking tembung *prokem*, bedanipun *prokem* kawula mudha pria kaliyan wanita, saha fungsipun basa *prokem* salebeting pawicantenan.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Subjek* wonten ing panaliten menika para kawula mudha ingkang wonten ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen. *Objek* panaliten menika inggih menika pandhapuking, bedanipun basa *prokem* pria saha wanita, saha fungsi basa *prokem*. *Data* dipunkempalaken kanthi cara *simak bebas libat cakap*, *simak libat cakap*, cara rekam, saha cara nyathet. Anggenipun ngempalaken *data* dipunwiwiti wulan September 2014 dumugi *titik* kapanggihaken *jenuh data*. Cara ngudhari data inggih menika kanthi *nganalisis awal* ingkang kalajengaken *nganalisis lanjutan*. Caranipun uji *validitas* data ngginakaken *triangulasi teori* saha pamanggihipun para ahli, lajeng kangge uji *reliabilitas* data ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten gayut kaliyan pandhapuking basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha pria inggih menika 1) *singkatan*, 2) *metatesis*, 3) mujudaken makna enggal, 4) nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun. Basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha wanita gayut kaliyan pandhapuking inggih menika 1) muwuhi vokal (u) saha –in, 2) nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f), 3) nggantos vokalipun mawi vokal sanes. Basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha pria saha wanita ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen gayut kaliyan fungsipun inggih menika 1) nyingidaken satunggaling perkawis, 2) ndadosaken langkung akrab, 3) ndadosaken lucu, 4) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 5) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus, saha 6) ngandharaken panyaruwe.

Pamijining tembung: basa *prokem*, fungsi *prokem*, pandhapuking *prokem*.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring panaliten

Basa inggih menika salah satunggal piranti kabetahanipun tiyang ingkang wigati sanget. Basa minangka piranti kangge pawicantenan wonten padintenanipun masarakat. Tiyang saged ngandharaken pangraos, penggalih saha pepinginan dhateng tiyang sanes ngginakaken basa. Supados pawicantenan menika saged kadadosan kanthi leres, saben setunggal klompok badhe mujudaken basa ingkang beda saha jumbuh kaliyan kabudayan klompok kasebut.

Basa Jawa inggih menika salah satunggaling basa daerah. Basa Jawa ragamipun kathah. Adhedhasar saking undha usukipun basa Jawa nggadhahi tigang warni, kadosta basa Jawa Krama, basa Jawa Madya, saha basa Jawa Ngoko. Adhedhasar saking tingkatanipun, basa Jawa Krama tingkatanipun langkung inggil. Basa Jawa Madya tingkatanipun wonten tengah utawi madya. Basa Jawa Ngoko tingkatanipun langkung ngandhap.

Wonten ing Desa Tukinggedong masarakatipun anggenipun pawicantenan ngginakaken basa Jawa Ngoko, nanging kadang kala ngginakaken basa Jawa Krama saha basa Jawa Madya gumantung kahanan kaliyan klompok lawan tuturipun. Klompok-klompok menika adhedhasar saking yuswa, padamelan, asalipun daerah, tingkatanipun pendidikan, lsp.

Antawisipun tiyang nem, tiyang sepuh, saha lare alit anggenipun ngginakaken basa Jawa Ngoko ing padintenan wonten bedanipun. Mliginipun basa ingkang dipunginakaken dening kawula mudha utawi tiyang nem. Basa ingkang dipunginakaken dening para kawula mudha saperangan boten dipunmangertosi dening tiyang sepuh utawi lare alit, nanging ugi wonten tetembungan ingkang saged dipunmangertosi tegesipun. Tetembungan ingkang boten dipunmangertosi dening tiyang sepuh utawi lare alit sipatipun boten *resmi* utawi asring dipunsebat basa *prokem*.

Basa *prokem* inggih menika basa sandi minangka basa mligi wonten klompok tartamtu kemawon kangge pawicantenan. Basa *prokem* dipunginakaken supados klompok sanes boten mangertos tegesipun menapa ingkang saweg dipunandharaken. Ancasipun ngginakaken basa *prokem* menika kangge ngraketaken tiyang pawicantenan. Para kawula mudha pria saha kawula mudha wanita wonten ing desa Tukunggedong anggenipun ngginakaken basa *prokem* wonten bedanipun.

Salah satunggal pawicantenan ingkang nedahaken wujud panganggenipun basa *prokem* wonten ing salah satunggal papan wonten ing desa Tukunggedong kados ing ngandhap menika.

O1 : ‘ **Ewok** kan ngendi nembe keton koh?’

‘ Panjenengan saking pundi enggal ketingal?’

O2 : ‘Kan umah **mingin** soto ditukuna nang bapakku.’

‘Saking ndalem dhahar soto dipunpundhutaken dening bapa kula.’

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Bab kaping sepisan saking pacelathon wonten

O1 tembung *ewok* ‘kowe’ kramanipun panjenengan. Pandhapuking tembung *ewok* saking tembung *kowe* kanthi cara ngewahi urutaning fonem tembung *kowe* saking wingking. Kaping kalih wonten O2 kapanggihaken tembung *mingin* ‘mangan’ kramanipun dhahar. Pandhapuking tembung ‘mangan’ dados ‘mingin’ sedaya vokalipun (a) dipungantos kanthi vokal (i) saengga mangan dados mingin.

Bab menika ingkang narik kawigatosan dipuntliti, mliginipun saking pawicantenan para kawula mudha ing Desa Tukunggedong. Panaliten menika badhe ngandharaken panganggening basa *prokem* dening kawula mudha wonten ing Desa Tukunggedong.

B. Underaning Perkawis

Adhedasar dhasaring panaliten wonten nginggil, underaning perkawis wonten panaliten menika rinacik mekaten.

1. Pandhapuking basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.
2. Wujudipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.
3. Jinising basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong..
4. Bedanipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha pria saha wanita ing desa Tukunggedong.
5. Fungsi panganggening basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.

C. Watesaning perkawis

Awit saking perkawis basa *prokem* menika, panaliten ingkang badhe dipunrembag dipunwatesi kanthi perkawis ing ngandhap menika.

1. Pandhapuking basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.
2. Bedanipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha pria saha wanita ing desa Tukunggedong.
3. Fungsi panganggening basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.

D. Wosing perkawis

Wosing panaliten menika adhedasar saking undheraning saha watesaning perkawis ing nginggil. Adhedasar perkawis-perkawis saha watesaning perkawis kasebut, ingkang dados wosing panaliten menika katata kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi pandhapuking basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong?
2. Kados pundi bedanipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha pria saha wanita ing desa Tukunggedong?
3. Kados pundi fungsi panganggening basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten menika adhedasar saking wosing panaliten ing nginggil. Wondene ancasipun panaliten menika katata kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken pandhapuking basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.
2. Ngandharaken bedanipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha pria saha wanita ing desa Tukunggedong.
3. Ngandharaken fungsi panganggening basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha ing desa Tukunggedong.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged nyukani paedah, *teoritis* saha *praktis*. Kanthi *teoritis*, asiling panaliten menika dipunkajengaken saged ngandharaken kanthi mligi ngengingi panganggenipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken para kawula mudha.

Kanthi *praktis*, asiling pirembagan panaliten menika saged dados dhasaring panaliten sanesipun ingkang ngrembag babagan basa *prokem*. Panaliten menika ugi gadhah paedah *praktis*, supados masarakat ingkang maos saged mangertos menapa kemawon wujud, pandhapuking saha fungsi basa *prokem* wonten ing desa Tukunggedong. Basa *prokem* menika dipunginakaken kangge nglancaraken pacelathonan.

G. Pangertosan

Kangge ngawekani kalepatan saking wiyaripun pangertosan tembung-tembung saking irah-irahan panaliten menika, panaliti nyerat pangertosan saking tembung-tembung ing ngandhap menika.

1. Basa *prokem* inggih menika basa sandi ingkang dipunginakaken saha saged dipunmangertosi dening para kawula mudha. Basa *prokem* dipunginakaken kangge ngraketaken tiyang pawicantenan.
2. Kawula mudha inggih menika menawi dipuntingali saking yuswanipun, ingkang wanita antawis yuswa 12 taun dumugi 21 taun, wondene pria antawis 13 taun dumugi 22 taun (Mappiare, 1982: 27).
3. Desa Tukinggedong inggih menika salah satunggal desa wonten ing kecamatan Puring kabupaten Kebumen ingkang para kawula mudhanipun asring ngginakaken basa *prokem* kangge wawanrembag.

Saking pangertosan wonten nginggil saged kadamel dudutan panganggening basa *prokem* ing padintenan dening para kawula mudha pria saha wanita wonten ing Desa Tukinggedong.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. *Sosiolinguistik*

Miturut pamanggihipun Nurhayati (2009:3) *sosiolinguistik* inggih menika ngelmu *interdisipliner* antawisipun bab *kajian sosiologi* saha *kajian linguistik*. *Sosiologi* inggih menika ngelmu ingkang nliti bab masarakat, *linguistik* inggih menika ngelmu ingkang nliti bab basa. Ngelmu *sosiolinguistik* inggih menika gabungan antawisipun ngelmu *sosiologi* kaliyan ngelmu *linguistik* saengga dipunsebat *linguistik kemasyarakatan*.. Pamanggih Nurhayati (2009:3) jumbuh kaliyan pamanggihipun Kridalaksana (2008:156) ingkang ngandharaken bilih *sosiolinguistik* asalipun saking ngelmu *linguistik* ingkang nliti bab panganggenipun basa ingkang dipungayutaken kaliyan tindak-tanduk *sosial* ing masyarakat.

Chaer saha Agustina (2010) ugi ngandharaken pamanggih ingkang sami kaliyan Kridalaksana saha Nurhayati bab asalipun ngelmu *sosiolinguistik*. Miturut Abdul Chaer saha Leonie Agustina (2010:4) *sosiolinguistik* inggih menika ngelmu *linguistik* ingkang asipat *interdisipliner* kaliyan ngelmu *sosiologi*, sumberipun panaliten *sosiolinguistik* inggih menika gegayutan antawisipun basa kaliyan bab-bab *sosial* ing masarakat tutur.

Wonten ugi pamanggih saking ahli sanesipun bab pangertosan *sosiolinguistik*. *Sosiolinguistik* miturut pamanggihipun Nababan (1984:2) inggih menika panaliten bab basa ingkang dipunginakaken satunggaling panutur minangka *anggota* masyarakat utawi nliti bab basa ing masyarakat, mliginipun nliti bab *variasi* basa. Miturut pamanggihipun Nababan (1984:2) bab

sosiolinguistik jumbuh kaliyan pamanggihipun Sumarsono (2009:1) *sosiolinguistik* inggih menika *kajian* basa ingkang dipungayutaken kaliyan kahanan wonten ing masarakat.

Adedhasar andharan para ahli wonten nginggil saged kapendhet dudutan bilih *sosiolinguistik* inggih menika ngelmu ingkang nliti bab basa saha masyarakat. *Sosiolinguistik* ugi nliti bab panganggenipun basa ing masyarakat. Basa ingkang dipunginakaken ing masyarakat nuwuhaken mawarni-warni *peristiwa* basa. Kajianipun inggih menika masarakat tutur, *variasi* basa ingkang dipunginakaken, mitra micara utawi topik ingkang dipunrembag, saha ancasing pawicantenan. Miturut Nababan (1984: 3) bab-bab ingkang dipunrembag dening *sosiolinguistik* kadosta; 1) basa, *dialek*, *idiolet*, saha *ragam* basa, 2) masarakat basa, 3) panganggening basa, 4) sikap basa, 5) basa saha kabudayan, lan sapiturutipun. Salah setunggal bab ingkang dipunrembag *sosiolinguistik* inggih menika *variasi* utawi *ragam* basa.

B. Variasi Basa

Basa gadhah *sistem* saha *subsistem* ingkang dipunmangertosi dening sedaya panutur basa. Masarakat tutur ingkang maneka werni ingkang mangaribawani basa menika dados kathah *ragam* utawi variasinipun. *Variasi* basa kadadosan saking para penuturipun ingkang werni-werni saha *ragam* kagiyatan *interaksi sosial* ingkang werni-werni. Saben kagiyatan *interaksi sosial* mbetahaken *variasi* basa. Maneka warni klompok panuturipun saha maneka werni fungsi basa menika ugi saged ndayani *variasi* basa. Karagaman menika saged muwuh langkung kathah menawi basa menika dipunginakaken dening panutur

ingkang kathah, saha wonten papan ingkang wiyar. Tuladhanipun basa Indonesia ingkang dipunginakaken saking Sabang dumugi Merauke (Chaer saha Agustina, 2010: 61).

Panganggenipun basa wonten ing masarakat menika beda-beda. Miturut pamanggihipun Wardaugh (1986: 22) *variasi* basa inggih menika cara priyantun ngandharaken unen-unen, tembung, saha titikan *gramatikal* ingkang kadayan dening *faktor eksternal*. *Faktor eksternal* menika kadosta *faktor geografis* saha *faktor sosial*. Pamanggih sanes miturut Nababan (1984 : 13) bilih *variasi* basa menika dipunjari saking asalipun panutur, klompok saha kahanan panutur, *tingkat formalitas*, saha wekdal tuturan menika. Tuladhanipun dipunpendhet jinis *variasi* basa adhedhasar panuturipun, salah satunggalipun inggih menika *dialek*. Pelafalan *dialek* Banyumas menika beda kaliyan pelafalan Yogyakarta. Wonten ing pelafalan tembung “sega” ing basa Jawi *dialek* Banyumas dipunlisanaken [sega] dene ing basa Jawi *dialek* Yogyakarta tembung kasebut dipunlisanaken [sego]. *Variasi* basa boten namung dipuntemtokaken dening *faktor linguistik* kemawon, ananging ugi *faktor nonlingistik*. *Faktor linguistik* menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan unen-unen, tata tembung, tata ukara, saha tata makna. *Faktor nonlinguistik* inggih menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan *faktor sosial*. Awit saking menika, ingkang ngengingi bab *faktor sosial* saged dipunpirsani saking yuswa, jinis *kelamin*, *pendidikan*, *status sosial*, pakaryan, lan sapanunggalanipun.

Miturut pamanggihipun Chaer saha Agustina (2010: 62) jinisipun *variasi* basa kaperang dados sekawan, inggih menika saking segi; (1) panutur, (2) tiyang ingkang ngginakaken, (3) *keformalan*, saha (4) sarana.

1. Variasi Basa Saking Segi Panuturipun.

a. Idiolek

Miturut *konsep idiolek* menika bilih saben tiyang gadhah *variasi* basa piyambak-piyambak. *Variasi* menika gegayutan kaliyan swanten, pamilihing tembung, tingkah basa, pangrakiting ukara, lan sapanunggalanipun. *Variasi* menika ingkang paling ketingal inggih menika swantenipun, saengga namung mirengaken swantenipun tiyang ingkang sampun akrab saged mangertosi tiyang ingkang micanten kasebut. Tuladhanipun inggih menika wonten priyantun ingkang anggenipun micanten lirih lan alon.

b. Dialek/ dialek geografis

Variasi basa *dialek* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening saklompok panutur wonten ing papan utawi daerah tartamtu. Saben *dialek* menika gadhah ciri piyambak-piyambak, saengga antawisipun *dialek* papan setunggal kaliyan papan sanesipun menika beda-beda. Tuladhanipun menawi kita badhe nandhingaken *dialek* Kebumen kaliyan *dialek* Yogyakarta. Tuladhanipun wonten tembung Basa Indonesia ‘pepaya’. Miturut *dialek* Kebumen inggih menika ‘gandhul’, bilih miturut *dialek* Yogyakarta dados ‘kates’. Tuladha tembung ‘gandhul’ saha ‘kates’ menika kangge ngandharaken makna ingkang sami.

c. *Kronolek*

Variasi basa *kronolek* utawi *dialek temporal* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening klompok sosial ing wekdal tartamtu. Upaminipun, *variasi* basa nalika taun 30-an, taun 50-an saha wonten ing wekdal samenika. *Variasi* basa saking ketiga jaman menika tamtunipun beda-beda, awit saking segi *lafal*, *ejaan*, morfologi, saha sintaksis. *Variasi* ingkang paling nyata inggih menika saking segi leksikon, amargi bidang menika gampil ewah ingkang dipundayani saking sosial budaya, ilmu pengetahuan, saha teknologi. Tuladhanipun basa Jawi Kina saha basa Jawi Enggal.

d. *Sosiolek*

Sosiolek utawi *dialek sosial* inggih menika *variasi* ingkang dipunjalar bedanipun *kelas sosial* panuturipun. *Sosiolek* menika dipunperang dados maneka warni *variasi basa*. Perangan menika saged dipunbedakaken adhedhasar tingkat golongan, status, lan kelas sosial panuturipun (*akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *kokial*, *slang*, *jargon*, *argon*, saha *ken*). Basa *prokem* kalebet *sosiolek* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening klompok tartamtu saha dipunjalar bedanipun *kelas sosial*. Basa *prokem* menika ugi kalebet tuturan khas *lokal* amargi namung wonten ing papan tartamtu.

2. *Variasi* Basa Saking Segi Panganggenipun.

Variasi basa adhedhasar panganggenipun dipunsebat *fungsiolk*, *ragam*, utawi *register*. *Register* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge maksud tartamtu. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing bidang *militer*,

kasusastran, *jurnalistik*, saged dipungolongaken minangka *register*. Tuladhanipun tembung *operasi* ingkang dipunginakaken salebeting *dunia kedokteran*.

Basa *prokem* menika dipunginakaken tiyang kangge sesambetan antawis tiyang setunggal kaliyan tiyang sanes. Menawi dipuntingali saking panganggenipun basa *prokem* kalebet *variasi* basa ingkang asring dipunginakaken dening para kawula mudha.

3. *Variasi Basa Saking Segi Keformalan*

Miturut pamanggihipun Martin Joos wonten ing Chaer saha Agustina (2010: 70-71) *variasi* basa adhedhasar *keformalan* kaperang dados 5, antawisipun *ragam beku (frozen)*, *ragam resmi (formal)*, *ragam usaha (konsultatif)*, *ragam santai (casual)*, saha *ragam akrab (intimate)*. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. *Ragam beku/ frozen* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge swasana resmi ingkang sipatipun *khidmat*, saha sampun gumathok tegesipun mboten saged dipunewahi. Tuladhanipun menika khotbah ing masjid nalika sholat Jum'at.
- b. *Ragam resmi/ formal* inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken nalika *pidato, rapat dinas, buku pelajaran* lan sapanunggalanipun. Ragam resmi menika sami kaliyan *ragam standar/ baku* amargi dipunginakaken ing swasana *resmi*. Tuladhanipun nalika wawanrembag salebeting kagiyatan kuliah ngginakaken *ragam* basa ingkang resmi.

- c. *Ragam usaha/konsultatif* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken wonten ing pawicantenan biasa ing sekolah utawi nalika rapat. Wujud *ragam usaha* menika antawisipun *ragam formal* saha *ragam informal*.
- d. *Ragam santai/ casual* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken nalika swasana *santai* utawi boten *resmi*. *Ragam santai* kathah ngginakaken tembung-tembung ingkang awujud basa dhaerah saha *dialek*. *Ragam santai* boten ngginakaken basa ingkang *struktur* morfologi saha sintaksis ingkang *normatif*. Tuladhanipun tiyang micanten kaliyan tiyang sanes nalika *rekreasi* ngginakaken *ragam santai*.
- e. *Ragam akrab/ intimate* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken antawisipun tiyang ingkang kekancan raket utawi wonten ing kulawarga. *Ragam akrab* dipunpratandhai mawi panggangingening basa ingkang boten jangkep saha artikulasinipun boten cetha. Bab menika kedadosan amargi panutur saha mitra tutur sampun mangertos piyambak-piyambak saha gadhah ngelmu ingkang sami.

Klompok kawula mudha ingkang langkung *akrab* ngginakaken basa ingkang khas kangge pawicantenan salebeting kelompok kasebut. Basa khas ingkang dipuntingali saking tetembunganipun menika dipunsebat basa *prokem*. Basa *prokem* ugi kalebet *ragam santai* amargi dipunginakaken tiyang wonten suasana ingkang santé inggih menika suasana ingkang boten *formal*.

4. Variasi Basa Saking Segi Sarana

Variasi basa saged ugi dipuntingali saking segi sarana utawi jalur ingkang dipunginakaken. *Variasi* basa adhedhasar sarana ingkang dipunginakaken menika

saged dipunperang dados kalih inggih menika *ragam lisan* saha *ragam tulis*. Tuladha variasi basa ragam tulis inggih menika novel saha cerkak. Tuladha variasi basa ragam lisan inggih menika pawicantenan tiyang ing padintenan. Salah setunggal ingkang kalebet basa lisan inggih menika basa *prokem* amargi awujud pawicantenan langsung saking tuturaning masarakat mliginipun para kawula mudha.

C. Basa *Prokem*

Kawula mudha inggih menika salah setunggal perangan saking masarakat ingkang ugi ngginakaken basa kangge piranti pawicantenan. Para kawula mudha ngginakaken basa ingkang warni-warni ragamipun. Basa menika kalebet basa ingkang biasanipun dipunginakaken wonten padintenan. Saking basa-basa ingkang dipunginakaken, wonten tetembungan ingkang saged dipunmangertosi, nanging ugi wonten ingkang boten saged dipunmangertosi. Miturut Sumarsono (2009: 156) salah setunggal ciri basa kawula mudha inggih menika *kreatifitas*, maksudipun kawula mudha menika kedah saged mujudaken bab-bab ingkang dereng wonten utawi enggal, saha saged nindakaken sedaya kagiyatan masarakat. Kawula mudha mujudaken bab ingkang enggal arupi *ragam* basa ingkang dipunsebat basa *prokem*.

Basa *prokem* gadhah sipat ingkang khas arupi basa sandi. Basa *prokem* dipunginakaken saha namung dipunmangertosi dening klompok tartamtu saha wekdal tartamtu kemawon kangge pawicantenan. Miturut Prathama Rahardja saha Henri Chambert Loir (1990: 11) *prokem* inggih menika basa sandi utawi warni-warni kode ingkang dipunginakaken dening golongan masarakat tartamtu. Basa

prokem asalipun saking pawicantenipun para *preman*, *copet*, *bandit*, saha klompokipun. Tembung *prokem* asalipun saking tembung “preman” ingkang pandhapukipun kanthi cara muwuhi –ok ing ngajeng pr- dipunlajengaken –em, saha –an dipunsingidaken, saengga *preman* dados pr(ok)em[an]= *prokem*.

Tetembungan basa *prokem* saperangan gadhah makna ingkang kasar. Para *preman* saha klompokipun menika ngginakaken basa sandi kangge nyingidaken perkawis. Tuladhanipun nalika kagiyatan ingkang *negatif* kadosta sade *narkotika*. Para *preman* ngginakaken basa sandi supados nalika kagiyatan kasebut saged lancar. Tuladhanipun para *preman* ngginakaken tembung ‘tikus’ kangge nyebat polisi (Sumarsono, 2009: 155).

Kalangan para kawula mudha ingkang kathah ngginakaken basa *prokem*. Basa menika saperangan tetembunganipun sampun populer wonten setunggal klompok. Basa sandi menika dipunwujudaken boten namung minangka asiling dolanan, ananging amargi kabetahan wonten klompok masarakat. Kawula mudha nedahaken bilih ngginakaken basa sandi minangka pratandha klompokipun piyambak. Klompok menika kalebet klompok ingkang wigati utawi *eksklusif*, basa ingkang dipunginakaken menika asipat *rahasia*. Basa *prokem* menika dipunanggep kados *gejala* ingkang sipatipun sawetawis utawi namung wonten wekdal tartamtu dados boten kedah dipungatosakan.

Pandhapuking tembung ingkang kalebet basa *prokem*, fungsipun *prokem*, saha maknanipun *prokem* menika warni-warni. Pandhapuking basa *prokem* menika gumantung saking *kreatifitas* panuturipun. Basa *prokem* gadhah fungsi kangge nedahaken rumaos sareng sesami para penuturipun wonten

setunggal klompok. Para panutur ngginakaken basa *prokem* wonten ingkang kangge nedahaken makna ingkang beda saking tembung asalipun. Kawula mudha ngginakaken basa *prokem* kangge nyingidaken perkawis supados lare alit saha tiyang dewasa boten saged mangertos.

Saking andharan ing nginggil saged dipundamel dudutan bilih basa *prokem* inggih menika ragam basa boten resmi ingkang dipunginakaken dening para kawula mudha kangge pawicantenan wonten wekdal tartamtu. Basa *prokem* asring dipunginakaken panuturipun kangge wawanrembag kaliyan tiyang sanes wonten kahanan *santai* saha fungsipun kangge ngraketaken tiyang dados langkung akrab. Basa *prokem* menika narik kawigatosan kangge dipuntliti, mliginipun basa *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha ing Desa Tukinggedong Kecamatan Puring Kabupaten Kebumen. Basa *prokem* dipunginakaken panuturipun kangge pawicantenan. Basa *prokem* temtunipun gadhah fungsi salebeting pawicantenan kasebut.

D. Fungsi panganggening *prokem*

Fungsi baku basa inggih menika minangka piranti pawicantenan utawi piranti *interaksi* ingkang dipunginakaken dening manungsa (Chaer, 2010: 11). Masarakat anggenipun pawicantenan wonten setunggal klompok utawi kaliyan klompok sanes ngginakaken sarana ingkang dipunwastani basa. Saben manungsa gadhah saha ngginakaken piranti pawicantenan kasebut inggih menika basa.

Miturut Halliday lumantar Rahayu (1999: 13-14) bilih fungsi basa dipunbedakaken dados 7, inggih menika: 1) fungsi *interaksional*, 2) fungsi *instrumental*, 3) fungsi *representesional*, 4) fungsi *regulatoris*, 5) fungsi

imajinatif, 6) *fungsi heuritis*, 7) *fungsi personal*. Ragam *prokem* kalebet wonten fungsi *interaksional*, inggih menika fungsi kangge pirembagan antawis panutur kaliyan mitra tutur supados gagasan ingkang badhe dipunandharaken saged dipunmangertosi dening peserta tutur kasebut.

Miturut Prathama Rahardja saha Henri Chambert Loir wonten Chaer (2010: 67) bilih basa *prokem* menika kalebet wonten *slang*. Basa *prokem* kaliyan basa *slang* menika sami-sami awujud basa sandi ingkang dipunginakaken dening klompok tartamtu. Miturut Rahayu (1999: 9) pigunanipun *slang* dipunperang dados 6, inggih menika; 1) ndamel sesambetan langkung akrab, 2) ndadosaken lucu, 3) nyingidaken satunggaling perkawis, 4) ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus, 5) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 6) ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika kanthi ngginakaken *prokem*.

1. Ndamel sesambetan dados langkung akrab

Prokem dipunginakaken tiyang supados sesambetan antawisipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun dados langkung akrab mawi basa ingkang sami.

2. Ndadosaken lucu

Basa *prokem* dipunginakaken kangge ndadosaken lucu inggih menika upadi kangge njalari gemuyu kanthi pacelathon ingkang nganeh-nganehi. Tiyang ingkang ngginakaken basa *prokem* ingkang lucu nedahaken kreatifitasipun.

3. Nyingidaken satunggaling perkawis

Basa prokem dipunginakaken tiyang kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis tartamtu dipunsingidaken supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. *Prokem* ugi dipunginakaken mawi tembung tartamtu supados *konsep* nyingidaken satunggaling perkawis saged kalampahan.

4. Ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus

Kanthi ngginakaken basa *prokem* tetembungan ingkang dipunanggep kasar saged kasamaraken dados tembung ingkang langkung alus. Paedah sanesipun nalika ngginakaken tetembungan kalebet prokem menika boten damel sakiting manahipun tiyang sanes.

5. Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah

Prokem saged dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, kadosta raos remen, kasmaran, kesel. Kadhangkala solah bawa saha pangraosaning manah tartamtu angel dipunandharaken kanthi langsung, jalaran raos isin saha raos boten tega, saengga dipunandharaken kanthi tetembungan ingkang mligi.

6. Ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*

Basa prokem dipunginakaken tiyang kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritikipun ing sangajengipun masarakat wiyar. Kritik langsung saged ndamel drajating tiyang ingkang dipunkritik dados langkung asor, awit saking menika nalika paring panyaruwe dipunandharaken kanthi ngginakaken basa *prokem*.

Adhedhasar saking andharan ing inggil bilih basa *prokem* menika gadhah piguna tartamtu salebeting pawicantenan. Paedah menika saged kalampahan

menawi antawis panutur saha mitra tutur saged mangertosi bab ingkang dipunrembag. Basa *prokem* menika dipundhapuk dening panuturipun kanthi paugeran tartamtu.

E. Pandhapuking tembung *prokem*

Pandhapuking tembung-tembung *prokem* kanthi ewah-ewahan maneka werni, saengga wujud dhasaripun boten saged utawi angel dipunmangertosi malih. Tembung-tembung *prokem* ugi wonten ingkang boten ngalami ewah-ewahan. Maksudipun *prokem* menika sami menawi dipuntandhingaken kaliyan wujud dhasaripun, ananging maknanipun ingkang ewah. Sedaya tembung *prokem* menika kadhapuk saking *kreatifitas* panuturipun.

Basa *prokem* ingkang pandhapukipun kaanggep bebas ugi wonten pola utawi rumusipun. Miturut pamanggihipun Prathama Rahardja saha Henri Chambert Loir (1990) pandhapuking basa *prokem* dipunperang dados 7, inggih menika; 1) kanthi muwuhi -ok-, 2) kanthi proses *Metatesis*, 3) kanthi cara muwuhi -in, 4) kanthi Singkatan, 5) kanthi ngginakaken tembung ingkang konsonan wiwitan sami kaliyan konsonan wiwitan tembung asalipun, 6) kanthi mendhet saking basa sanes, saha 7) kanthi mujudaken makna enggal. Bab menika badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Pandhapuking *prokem* kanthi muwuhi -ok-

Pandhapuking *prokem* kanthi muwuhi -ok- menika caranipun gampil. Perangan pungkasan tembung dipunsingidaken lajeng wanda saderengipun dipuneseli -ok-. Teknik menika angel dipunginakaken ing tembung ingkang wandanipun setunggal, utawi tembung ingkang dipunwiwiti kanthi vokal. Tuladhanipun

Tembung bokap asalipun saking tembung “bapak” ingkang pandhapukipun kanthi cara muwuhi –ok ing ngajeng konsonan (b)- dipunlajengaken –ap, saha –ak dipunsingidaken, saengga bapak dados b(ok)ap[ak]= *bokap* ingkang kramanipun bapa.

2. Pandhapuking *prokem* kanthi proses *metatesis*

Metatesis inggih menika ewahaning papan huruf, fonem, utawi wanda ing tembung. Ewahaning menika dipuntindakaken supados wujud asalipun saking *prokem* menika kasingidaken saha angel dipuntingali malih. *metatesis* menika rumusipun cekap werni-werni, saengga boten namung setunggal rumusipun. Tuladhanipun *prokem* kanthi tembung pira ‘pinten’ dipunewah dados *arip* kanthi cara ngewahi urutaning fonem tembung *pira* saking wingking

3. Pandhapuking *prokem* kanthi cara muwuhi -in

Pandhapuking *prokem* kanthi cara muwuhi –in dipunginakaken wiwit klompok homo wonten ing Jakarta antawisipun taun 1980. Tuladhanipun tembung cewe dipunseseli –in dados c(in)ewe= cinewe ingkang kramanipun wanita.

4. Pandhapuking *prokem* kanthi Singkatan

Pandhapuking *prokem* kanthi singkatan inggih menika nyingidaken setunggal utawi peranganing leksem utawi kombinasi leksem saengga dados wujud enggal ingkang dipunsebat tembung. Beda kaliyan *prokem* sanesipun, wujud *prokem* menika boten nyingidaken wujud asalipun. Tuladhanipun tembung BRI ingkang singkatanipun *Bank Rakyat Indonesia*, menawi wonten *prokem* tembung BRI dados *Bakul Roti Ideran*.

5. Pandhapuking *prokem* kanthi ngangge tembung ingkang konsonan wiwitan sami kaliyan konsonan wiwitan tembung asalipun. Tuladhanipun tembung *Blue Film* dipunsebat kanthi *prokem* Botol Fanta utawi Bentoel Filter.

6. Pandhapuking *prokem* kanthi mendhet saking basa sanes

Prokem menika dipunginakaken kanthi mendhet utawi ngampil tembung saking basa sanes. Tuladhanipun *prokem* ngginakaken tembung saking basa Inggris. Tembung ‘eat’ dipunginakaken kangge nyebat makan ‘dhahar’.

7. Pandhapuking *prokem* kanthi mujudaken makna enggal

Pandhapuking *prokem* kanthi mujudaken makna enggal inggih menika *prokem* dipunginakaken kanthi tembung ingkang gadhah makna ingkang beda saking tembung asalipun. Tuladhanipun tembung *prokem* rante kangge nyebat ‘kalung’.

Adhedhasar saking andharan ing inggil bilih tembung *prokem* menika dipunwujudaken kanthi proses-proses tartamtu. Proses pandhapuking tembung *prokem* ing papan setunggal kaliyan papan sanes temtunipun wonten bedanipun. Bedanipun tetembungan *prokem* ing papan setunggal kaliyan papan sanes menika gumantung saking panuturipun wonten klompok kasebut. Klompok para panutur basa *prokem* saperangan ageng inggih menika klompok para kawula mudha.

F. Kawula mudha

Adhedhasar yuswa, kawula mudha kalebet wonten peranganing klompok masarakat. Kawula mudha inggih menika wanci nalika tiyang ngalami ewah-ewahan saking segi psikologisipun saha *pola identifikasi* saking lare alit dados dewasa. Klompok kawula mudha menika klompok ingkang biasa, boten beda

kaliyan klompok tiyang sanesipun (Mappiare, 1982: 11). Para kawula mudha salebeting masarakat boten gadhah status ingkang cetha, amargi kawula mudha boten mlebet wonten klompok lare alit saha dereng dipuntampi ing klompok dewasa utawi tiyang sepuh (Monks, Knoers, Haditono, 1998: 259).

WHO njlentrehaken menawi yuswa kawula mudha antawisipun 10 taun dumugi 20 taun. Salebeting yuswa kasebut kawula mudha ngalami proses gantosipun saking sipat dereng mandhiri dados langkung mandhiri (Sarwono, 1989 : 9). Miturut pamanggihipun Mappiare (1982: 27) kawula mudha menawi dipuntingali saking yuswanipun, ingkang wanita antawis yuswa 12 taun dumugi 21 taun, wondene pria antawis 13 taun dumugi 22 taun. Para kawula mudha dipunperang dados kalih golongan inggih menika kawula mudha wiwitan saha pungkasan. Kawula mudha wiwitan inggih menika yuswanipun antawis 12/13 taun dumugi 17/18 taun, wondene kawula mudha pungkasan yuswanipun antawis 17/18 taun dumugi 21/22 taun.

Miturut Hurlock wonten ing Ali saha Mohammad (2008: 9) bilih kawula mudha inggih menika kahanan yuswa ingkang nedahaken tiyang ngalami ewah-ewahan saking segi *psikologis*, tiyang kasebut rumaos tataranipun sami kaliyan tataranipun tiyang ingkang langkung dewasa. Miturut pamanggihipun Ali saha Mohammad (2008: 11), bilih wanci kawula mudha inggih menika wanci nalika tiyang wiwit madosi jati dhirinipun. Kawula mudha anggenipun madosi jati dhirinipun kasebut ketingal saking sipatipun. Saperangan sipat ingkang dipuntedahaken dening kawula mudha inggih menika; 1) remen *khayal*, 2)

nindakaken kagiyatan klompok, 3) nyobi bab ingkang enggal. Bab menika badhe dipunadharaken ing ngandhap menika.

- a. Remen *khayal*, kawula mudha biasanipun gadhah pepalang amargi taksih gumantung dhateng tiyang sepuhipun. Kawula mudha anggenipun medal saking pepalang menika kanthi madosi karemenanipun kanthi cara lumantar khayalanipun ing *dunia fantasi*.
- b. Nindakaken kagiyatan klompok, kawula mudha ingkang gumantung dhateng tiyang sepuhipun ugi ndayani kawula mudha ngalami pepalang, saengga nindakaken kagiyatan klompok. Kagiyatan klompok menika dipuntindakaken nalika angsal perkawis, supados langkung gampil anggenipun ngudhari perkawis menika.
- c. Nyobi bab ingkang enggal, kawula mudha kathah ingkang dereng mangertos babagan pagesangan. Kawula mudha nalika madosi bab ingkang dipunanggep enggal dados rumaos pingin mangertos. Raos pingin mangertos menika ingkang ndayani kawula mudha nindakaken perkawis ingkang enggal, sanajan bab ingkang sipatipun boten leres utawi *negatif*.

Saking pamanggih ing nginggil, saged kadamel dudutan bilih kawula mudha inggih menika wanci nalika tiyang madosi *jati dhiri* ingkang dipuntedahaken saking sipatipun, kadosta remen *khayal* kangge madosi karemenanipun, nyobi bab ingkang dipunanggep enggal, saha nindakaken kagiyatan klompok kangge ngudhari perkawis ingkang dipunalami. Salah setunggal bab ingkang enggal kadosta kawula mudha ngginakaken basa *prokem*. Para kawula mudha menika ngginakaken basa *prokem* salebeting pirembagan

salebeting klompok. Salah setunggal kawula mudha ingkang ngginakaken basa *prokem* salebeting pirembagan inggih menika kawula mudha ing Desa Tukunggedong Kecamatan Puring Kabupaten Kebumen.

G. Desa Tukunggedong Kecamatan Puring Kabupaten Kebumen

Desa Tukunggedong inggih menika salah setunggal Desa ing Kecamatan Puring, Kabupaten Kebumen. Desa Tukunggedong prenahipun kirang langkung 20km saking pusating Kitha Kebumen. Wiyaripun Desa Tukunggedong 165,4ha kaperang dados kalih dhukuh. Peranganipun dhukuh kasebut inggih menika dhukuh Kalenggedong saha dhukuh Kalengnetuk. Tapel wates Desa Tukunggedong ing sisih eleripun Desa Bumireja, ing sisih kidulipun Desa Waluyorejo, ing sisih kilenipun Desa Purwoharjo saha ing sisih wetanipun Desa Kaleng.

Desa Tukunggedong kaperang dados 3 RW (Rukun Warga) saha 12 RT (Rukun Tetangga). Cacahing warga Desa Tukunggedong kirang langkung 2057. Cacahing kawula mudha ing Desa Tukunggedong kirang langkung 570, tiyang dewasa kirang langkung 1250. Kawula mudha ing Desa Tukunggedong wonten ingkang taksih sekolah ugi wonten ingkang boten sekolah. Kawula mudha ingkang boten sekolah biasanipun nyambet damel dados tani mbiyantu tiyang sepuhipun.

H. Konteks

Konteks penting sanget kangge ngudhar satunggaling tuturan utawi kangge mangertosi ancasipun tuturan. Satunggaling tuturan ingkang sami ananging wonten ing *konteks* ingkang beda gadhah ancas saha teges ingkang beda. Saengga

kanthi nggatosaken *konteks* kita saged mangertosi dhasaring tuturan wonten ing rerembagan.

Miturut pamanggihipun Mulyana (2009:21) *konteks* inggih menika latar (panggenan, wekdal, saha kawontenan) dumadosipun satunggaling rerembagan.

Miturut pamanggihipun Dell Hymes (lumantar Mulyana, 2009:21-22) *konteks* dipunperang dados 8 piranti tutur ingkang dipunsingkat dados *SPEAKING* (*setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norm of interaction and interpretation, saha genre*). Andharan saking wolu piranti tutur inggih menika.

1. *Setting and Scene*

Bab menika ngandharaken babagan *latar fisik* saha *latar psikis*. *Setting* ngemot pangertosan papan saha wekdal lelampahanipun rerembagan. *Scene* ngandharaken kahanan *psikologis* wonten ing saklebeting rerembagan. Papan, wekdal saha kahanan tuturan inggih menika bab ingkang ndayani panganggenipun *variasi* basa.

2. *Participants*

Participan inggih menika penutur, mitratutur, priyantun ingkang nyemak (*audience*), saha priyantun ingkang saweg dipunrembag. Bab ingkang gayut kaliyan *participant* inggih menika *status sosial, tingkat pendidikan, yuswa, lsp.* *Participant* dados dhasaring pamilihing basa ingkang dipunginakaken dening satunggaling penutur.

3. *Ends*

Ends inggih menika kasil ingkang dipunkajengaken (*ends as outcomes*) saha ancas ingkang dipunkajengaken (*ends in view goals*). Sakben-sakben penutur gadhah pangajab bilih tuturanipun saged angsal tanggapan saking mitratutur jumbuh kalihan ancasipun tuturan.

4. *Act*

Tuturan (*message from*) saha wosing tuturan (*message content*) kalebet wujud *Act*. Wosing tuturan dipunandharaken awujud *pesan*. Wujud *pesan* inggih menika *lokusi*, *ilokusi*, saha *perlokusi*. Tuturan ingkang dipunginakaken satunggaling penutur gayut kaliyan wosing tuturan, bab tuturan saha wosing tuturan ugi nemtokaken kasiling tanggapan saking mitra tuturipun.

5. *Keys*

Keys ingging menika wirama, wiraga, saha kahanan utawi semangat ingkang ngandharaken tingkat *formalitas* satunggaling rerembagan.

6. *Instrumentalities*

Instrumentalities awujud *chanel* (piranti saha saluran ingkang dupunginakaken), saha *form of speech* (wujud tuturan). *Instrumentalities* ngandharaken piranti tuturan awujud basa saha piranti-piranti sanes ingkang nyengkuyung tuturan.

7. *Norms*

Norms ngandharaken *norma interaksi* saha *norma interpretasi*. *Norm* inggih menika paugeran tuturan. Wonten ing satunggaling rerembagan, priyantun

kedah nggatosaken menapa ingkang angsal dipuntuturaken, ingkang pantes dipuntuturaken, saha ingkang boten angsal dipuntuturaken.

8. *Genre*

Genre ngemot bab *register*, wujud wacana, ragam basa, lsp. Wujud-wujud panganggenipun basa menika ingkang ndayani bedanipun basa ingkang dipunginakaken. Tuladhanipun basa telpon, *SMS*, *register* irah-irahan koran, wacana pidato, lsp. Sakben-sakben tuladha menika gadhah *genre* ingkang beda.

I. Panaliten ingkang jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh dipundadosaken paugeran wonten ing panaliten menika supados panaliten menika dados langkung sae. Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika kanthi irah-irahan “Slang Dalam Bahasa Jawa di Kalangan Remaja Chat Mig 33 Room Karyajaya” anggitanipun Sari (2013). Panaliten menika nliti babagan wujudipun *slang*, jinising *slang*, pandhapuking *slang*, saha fungsi tembung *slang* saklebet ing pawicantenan.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun Sari, amargi sami-sami nliti babagan basa khas arupi tetembungan ingkang dipunginakaken dening kawula mudha. Bedanipun panaliten menika kaliyan panalitenipun Sari inggih menika *objek* panaliten. *Objek* panalitenipun vina inggih menika seratan saklebet ing *jejaring sosial Chat Mig 33 Room Karyajaya*, wondene objek panaliten menika arupi tuturan lisan kanthi langsung saking panuturipun.

Panaliten ingkang jumbuh salajengipun inggih menika panaliten kanthi irah-irahan “ Slang Dalam Bahasa Jawa (Analisis Kasus di Mal Malioboro Yogyakarta) ” anggitanipun Rahayu (1999). Panaliten menika ngandharaken

adhedhasar jinising tembung, *slang* dipunbedakaken dados 7, inggih menika; 1) *verba*, 2) *adjektiva*, 3) *nomina*, 4) *pronomina*, 5) *numeralia*, 6) *adverbia*, 7) *kata tugas*.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun Rahayu, amargi sami-sami nliti babagan basa khas arupi tetembungan. Bab ingkang sami sanesipun inggih menika pirantining panaliten ngginakaken piranti *rekam*. Bedanipun panaliten menika kaliyan panalitenipun Rahayu inggih menika papan panaliten. Papan panalitenipun Rahayu wonten ing Mal Malioboro Yogyakarta, wondene papan panaliten menika ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen. Panalitenipun Rahayu nliti babagan wujud, jinising tembung, saha fungsipun. Panaliten menika badhe nliti babagan proses pandhapukipun, bedanipun basa *prokem* kawula mudha pria saha wanita, saha fungsipun.

J. Nalaring pikir

Sosiolinguistik inggih menika pirembaran *interdisipliner* antawispun *linguistik* saha *sosiologi*. *Sosiolinguistik* ngemot *ragam* basa saha pigunanipun basa ing masarakat. Wontenipun *ragam* basa inggih kadyan saking bedanipun kahanan panganggening basa utawi tingkat formalitasipun. *Ragam* basa saged dipunperang dados *ragam* basa *resmi* saha *ragam* basa boten *resmi*. *Ragam* basa *resmi* biasanipun dipunginakaken ing kagiyatan-kagiyatan ingkang *formal*, kadosta pidato saha rapat dinas. Wondene *ragam* basa boten *resmi* dipunginakaken wonten kahanan ingkang sante saha akrab. *Ragam* basa boten *resmi* pangrakiting ukara saha tembung ingkang dipunginakaken ugi boten baku.

Salah setunggal *ragam* basa ingkang asipat boten *resmi* inggih menika basa *prokem*. *Prokem* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken kawula mudha ingkang asipat mligi saha wonten wekdal tartamtu. Klompok setunggal kaliyan klompok sanes ugi ngginakaken basa *prokem* ingkang beda, kadosta klompok kawula mudha pria saha wanita. Pandhapuking tembung *prokem* wonten maneka werni, inggih menika pandhapuking *prokem* kanthi muwuhi -ok-, kanthi proses *Metatesis*, kanthi cara muwuhi -in, kanthi Singkatan, kanthi ngangge tembung ingkang konsonan wiwitan sami kaliyan konsonan wiwitan tembung asalipun, kanthi mendhet saking basa sanes, kanthi mujudaken makna enggal.

Basa *prokem* minangka *ragam* basa ingkang boten *resmi* temtunipun gadhah fungsi saklebet ing pirembagan. Fungsipun *prokem* saklebet ing pirembagan inggih menika; 1) ndamel sesambetan langkung akrab, 2) ndadosaken lucu, 3) nyingidaken satunggaling perkawis, 4) ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus, 5) nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, 6) ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*.

BAB III

METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten menika awujud panaliten *deskriptif*. Miturut Kountur (2009: 108) panaliten *deskriptif* inggih menika jinising panaliten ingkang ngandharaken kahanan kanthi cetha saking *objek* ingkang dipuntliti. Panaliten ingkang katindakaken kangge ngandharaken panganggening basa *prokem* ingkang dipunginakaken kawula mudha ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen.

Wujud sumber datanipun arupi tuturan lisan saking para kawula mudha ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen ingkang ngemu basa *prokem*. Basa *prokem* menika kaandharaken pandhapuking, fungsi, saha bedanipun basa *prokem* kawula mudha pria saha wanita ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen.

B. Data Panaliten

Data dipunkempalaken saking tuturaning lesan para kawula mudha ingkang wonten ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen. *Data* wonten ing panaliten menika awujud *satuan lingual* saged arupi tembung, *frase*, *klausa*, utawi ukara ingkang ngemu basa *prokem*. Sumber *data* ing panaliten menika awujud tuturaning para kawula mudha ingkang saweg rerembagan wonten ing Desa Tukunggedong Kabupaten Kebumen .

C. Cara Ngempalaken Data

Cara ngempalaken *data* inggih menika cara ingkang dipunginakaken dening panaliti kangge ngempalaken data panaliten. Miturut Arikunto (2006: 160) Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* dipunjumbuhaken

kaliyan jinis panaliten ingkang dipuntindakaken. Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih menika cara nyemak. Cara nyemak inggih menika panaliti nyemak tuturan saking *subjek* ingkang dipuntliti. Cara sanes anggenipun ngempalaken data inggih menika panaliti mendhet saking sinten kemawon ingkang *kebetulan* wonten nalika panaliten. Panaliten dipuntindakaken wonten papan-papan saha kawontenan tartamtu.

Cara kangge ngempalaken data ngginakaken cara *simak bebas libat cakap*, *simak libat cakap*, *rekam*, saha nyathet. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. *Simak bebas libat cakap*

Teknik Simak bebas libat cakap inggih menika panaliti namung nggatosaken pawicantenan ingkang dipunandharaken dening panutur basa *prokem*. Panaliti boten urun rembag saklebeting pwicantenan kasebut. *Teknik* menika gadhah ancas kangge manggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha ing Desa Tukinggedong. *Teknik* menika ugi kangge nemtokaken *konteks* tuturanipun.

2. *Simak libat cakap*

Teknik simak libat cakap inggih menika panaliti boten namung migatosaken pawicantenan. Panaliti tumut wawanrembag saklebeting pawicantenan kasebut. Panaliti anggenipun tumut wawanrembag ngginakaken basa *prokem* supados tiyang sanes ugi ngginakaken basa *prokem* menika. *Teknik* menika gadhah ancas kangge manggihaken tembung ingkang kalebet

basa *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha ing Desa Tukunggedong. *Teknik* menika ugi kangge nemtokaken *konteks* tuturanipun.

3. *Teknik rekam*

Teknik rekam inggih menika cara ingkang dipunginakaken kangge nyimpen data ing pawicantenan. Kanthi *teknik rekam* data ingkang sampun kasimpen lajeng dipunmirengaken boten namung sepisan ananging dipunambali ngantos pikantuk data ingkang leres, inggih menika data ingkang gayut kaliyan basa *prokem*. Cara *rekam* dipunginakaken dening panaliti kangge nyimpen tuturan para kawula mudha ing Desa Tukunggedong. *Teknik rekam* gadhah ancas kangge ngecek data ingkang kapanggihaken saha nimbali kanthi makaping-kaping.

Panaliti nalika nindakaken *teknik rekam* ugi nindakaken *analisis awal* kangge ngecek data saking rekamanipun. Kangge nemtokaken jinising tuturan ingkang ngemu tembung basa *prokem* panaliti nemtokaken piyambak. Saking tigang teknik menika saged manggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*.

Panaliti nemtokaken pandhapuking basa *prokem* ngginakaken teorinipun Rahardja saha Loir. Miturut pamanggihipun Rahardja saha Loir (1990) pandhapuking basa *prokem* inggih menika kanthi muwuhi -ok-, kanthi proses *metatesis*, kanthi cara muwuhi -in, kanthi singkatan, kanthi ngginakaken tembung ingkang konsonan wiwitan sami kaliyan konsonan wiwitan tembung asalipun, kanthi mendhet saking basa sanes, saha kanthi mujudaken makna enggal.

Panaliti ugi nindakaken *analisis awal* bab fungsi panganggening basa *prokem* saklebeting pawicantenan. Kangge nemtokaken fungsi basa *prokem* panaliti nggayutaken antawisipun tuturan kaliyan *konteks*. *Konteks* tuturan miturut pamanggihipun Dell Hymes (lumantar Mulyana, 2009: 21-22) dipunperang dados 8 piranti tutur ingkang dipunsingkat dados SPEAKING (*setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norm of interaction and interpretation, saha genre*). Panaliti nindakaken *analisis awal* bab fungsi basa *prokem* ngginakaken pamanggihipun andharanipun Rahayu (1999: 9) pigunanipun *slang* salebeting pawicantenan inggih menika ndamel sesambetan langkung akrab, ndadosaken lucu, nyingidaken sawijining perkawis, ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus, nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*.

4. Teknik nyathet

Cara nyathet dipunginakaken kangge nyerat tuturan saking kawula mudha ing Desa Tukinggedong. Panaliti nalika nindakaken *teknik* nyathet ugi nindakaken *analisis awal*. Sasampunipun panaliti nemtokaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*, lajeng nemtokaken proses pandhapukipun saha fungsipun. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipuncathet wonten ing kartu data. Wujudipun kartu data wonten ngandhap menika.

Tabel 1. Wujuding kartu data.

Sumber	Johan saha Anjang
Konteks	Johan kaliyan Anjang lenggahan ngrembag babagan ndalu Minggu
Tuturan	‘Engko wengi Minggu ya tugas lah.’
Pandhapuking <i>prokem</i>	Kanthi nyingidaken wanda ru saking ‘turu’ saha wanda sik saking ‘gasik’, saengga <i>turu gasik</i> dados <i>tugas</i> .
Fungsi <i>prokem</i>	Ndadosaken sesambetan antawis panutur kaliyan mitra tutur langkung akrab.
Panutur	Pria

Panaliti ngempalaken *data* dipunwiwiti wulan September 2014 dumugi kapanggihaken *titik jenuh data*. *Titik jenuh data* tegesipun datanipun *konsisten* utawi boten kapanggihaken data ingkang enggal dipuntingali saking wujudipun. Tembung ingkang kalebet basa *prokem* ugi boten kapanggihaken ingkang enggal dipuntingali saking proses pandhapukipun saha fungsipun tembung *prokem*.

D. Pirantining Panaliten

Instrumen panaliten ingkang dipunginakaken menika *human instrument*. Miturut Moleong (1998: 19) *human instrument* dipunginakaken amargi panaliti minangka piranti kangge ngempalaken data. Tegesipun *human instrument* inggih menika panaliti mirengaken tuturan para kawula mudha ing Desa Tukinggedong, lajeng manggihaken tembung saha nemtokaken *satuan lingual* ingkang ngemu

wujud basa *prokem*. Panaliti ugi nemtokaken proses pandhapuking tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Panaliti ugi saged nemtokaken fungsi tembung basa *prokem* saklebeting pirembagan dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*.

E. Cara Nganalisis Data

Caranipun nganalisis data inggih menika nindakaken *analisis awal* kalajengaken *analisis lanjutan* kanthi milah-milah data. *Analisis awal* ingkang dipuntindakaken inggih menika kanthi nemtokaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Sasampunipun nemtokaken tembung *prokem* lajeng nemtokaken proses pandhapukipun saha fungsipun tembung *prokem* kasebut.

Analisis lanjutan ingkang dipuntindakaken inggih menika *klasifikasi data*. *Data* tuturan dipunperang-perang antawisipun saking kawula mudha pria kaliyan tuturan saking kawula mudha wanita. Saklajengipun data dipunpantha-pantha malih adhedhasar proses pandhapuking saha fungsipun *prokem* jumbuh kaliyan *konteks*. Saklajengipun panaliti damel dudutan saking asiling panaliten. Dudutan menika kadamel sesampunipun perkawis bab pandhapuking, fungsi, saha bedanipun basa *prokem* kawula mudha pria saha wanita kaandharaken lan karembag kanthi leres lan cetha.

Teknik analisis ngginakaken *teknik konteks* tutur teorinipun Dell Hymes inggih menika *SPEAKING*, wondene kangge nemtokaken bedanipun *prokem* antawis pria kaliyan wanita ngginakaken kisi-kisi babagan basa pria kaliyan wanita. Basa ingkang dipunginakaken dening pria inggih menika *tegas*, boten *emosional*, saha *diksi konotasi*. Basa ingkang dipunginakaken dening wanita inggih menika *diksi denotasi*, *intonasi inggil*, saha *melengking*.

Cara *nganalisis data* ugi ngginakaken *tabel analisis data*. *Tabel analisis data* kasebut badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

Tabel 2. Wujuding tabel nganalisis Data

No	konteks	ukara	pan utur		Proses pandhapuking								fungsi						katrangan
					Muwuhi -ok-	Metatesis	Muwuhi -in	Singkatan	Konsonan wiwitan sami	Basa sanes	Mujudaken makna enggal	sanesipun	Langkung akrab	lucu	nyingidaken	Langkung alus	Pangraosaning manah	panyaruwe	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20

F. Validitas saha Reliabilitas

Cara ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *uji validitas saha uji reliabilitas*. *Uji validitas data* dipuntindakaken kanthi ngginakaken *validitas semantis saha triangulasi teori*. *Validitas semantis* inggih menika *data-data* babagan basa *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen dipunjumbuhaken kaliyan kahananipun. *Validitas semantis* dipuntindakaken kanthi *konsultasi* dhateng panutur aslinipun ingkang nguwaosi bab ingkang dipuntliti. Data asiling panaliten ugi dipunkonsultasikaken dhateng tiyang ingkang ahli, inggih menika dosen pembimbing. *Triangulasi teori* wonten ing panaliten inggih menika nandhingaken

data saking asiling panaliten kaliyan teori-teori ingkang jumbuh. Tuladha *aplikasi triangulasi teori* kados ing ngandhap menika.

- O1 : ‘Wis wengi arep **ilab** siki apa engko?’.
 ‘Sampun ndalu badhe kondur samenika menapa samangke?’.
 O2 : ‘Siki bae ya kena.’
 ‘Samenika kemawon nggih saged.’

Saking pethikan pirembagan ing inggil O1 saha O2 ngginakaken basa *prokem* kangge pirembagan. *Data* wonten ing inggil jumbuh kaliyan pamanggihipun Prathama Rahardja saha Henri Chambert Loir. Miturut Prathama Rahardja saha Henri Chambert Loir (1990: 11)) *prokem* inggih menika basa sandi utawi warni-warni kode ingkang dipunginakaken dening golongan masarakat tartamtu. Tembung ingkang kalebet basa *prokem* wonten pirembagan ing nginggil inggih menika **ilab**. Proses pandhapukipun tembung *bali* dados *ilab* kanthi proses *metatesis*, inggih menika ngewahi urutaning fonem ‘bali’ saking wingking. Fungsipun *prokem* ngginakaken teoripun Rahayu (1999: 9) tembung *ilab* menika kangge ndadosaken sesambetan antawis panutur kaliyan mitra tutur langkung akrab.

Reliabilitas inggih menika panaliti ngandharaken kanthi cetha *data-data* ingkang sampun dipunkempalaken, saengga dipunbetahaken wekdal ingkang cekap. Asiling kagiyatan *reliabilitas* menika awujud *data* ingkang *reliable* utawi saged dipunpercaya. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken panaliten menika inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* ngasilaken *data* ingkang *reliable*, tegesipun *data* menika asli utawi nyata.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Wonten bab menika badhe dipunjlentrehaken asiling *analisis data* pawicantenan dening kawula mudha ing desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen. Adhedhasar data ingkang kapanggihaken dening panaliti, badhe kaandharaken pandhapuking, fungsi, saha bedanipun basa *prokem* kawula mudha pria saha wanita ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen.

Langkung cetha malih kaandharaken ing ngandhap menika.

No	Panutur	Pandhapuking	Fungsi	Indikator
1	Pria	Singkatan	Nyingidaken satunggaling perkawis	‘Ipan apa siki esih dadi BNI mas?’ (19 September 2014) - Panuturipun Reza - BNI → Bakul Nomer Ideran (<i>Bank Negara Indonesia</i>). - Nyingidaken satunggaling perkawis: <i>judi</i> .
			Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	‘Ujang lah dadi MC siki.’ (21 September 2014) - Panuturipun Yayang - MC → Maling Cawet (<i>Master of Ceremony</i>). - Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar utawi tabu: <i>cawet</i>
			Ndadosaken lucu	‘Enyong nang UGM. ’ (26 September 2014) - Panuturipun Johan - UGM → Urute Gombong Mengidul (<i>Universitas Gadjah Mada</i>). - Ndadosaken lucu: Desa Tukinggedong menika sakidulipun kitha Gombong .

Tabel salajengipun

			Ndadosaken langkung akrab	‘Aja dipikir mas RPP.’ (27 September 2014) - Panuturipun Toni. - RPP → Ra Patia Penting (<i>Rencana Pelaksanaan Pembelajaran</i>). - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur kanthi ngginakaken tembung RPP menika.
		Metatesis	Ndadosaken langkung akrab	‘Cotken kie Njang, meng warung yuh!’ (3 Oktober 2014) - Panuturipun Johan. - <i>Kencot</i> dados <i>cotken</i> - Metatesis, ngewahi urutaning papan wanda ken kaliyan cot. - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur kanthi ngginakaken tembung <i>cotken</i>.
			Nyingidaken satunggaling perkawis	‘Agus wis kelas telu SMP nembe tipes apa ora a lot yah?’ (3 Oktober 2014) - Panuturipun Anjang. - <i>Sepit</i> dados <i>tipes</i>. - Metatesis, ngewahi urutaning fonem ‘sepit’ saking wingking. - Nyingidaken satunggaling perkawis: <i>sepit</i>.
			Ngandharaken panyaruwe utawi kritik	‘Kowe ngerti jebule pacare Parmin gostong.’ (5 Oktober 2014) - Panuturipun Johan. - <i>Tonggos</i> dados <i>gostong</i>. - Metatesis, ngewahi urutaning papan wanda tong kaliyan gos. - Ngandharaken panyaruwe: tiyang ingkang wajanipun radi medal.

Tabel salajengipun

			Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	‘Lah..enyong husek meng kowe.’ (11 Oktober 2014) - Panuturipun Mustolih. - <i>Kesuh</i> dados <i>husek</i> - Metatesis, ngewahi urutaning fonem ‘kesuh’ saking wingking. - Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah: panutur rumaos nesu.
			Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	‘Tubmej gonku kie.’ (11 Oktober 2014) - Panutur Anjang. - <i>Jembut</i> dados <i>tubmej</i> - Metatesis, ngewahi urutaning fonem ‘jembut’ saking wingking. - Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus: tembung ‘jembut’ menika kaanggep kasar.
		Mujudaken makna enggal	Nyingidaken satunggaling perkawis	‘Golet plat R yuh aring alun-alun mbok ana!’ (11 Oktober 2014) - Panuturipun Mustolih. - <i>Randha</i> dados <i>plat R</i> - Mujudaken makna enggal, <i>plat R</i> menika <i>plat</i> nomer <i>kendaraan Bermotor</i> Daerah Banyumas, Purbalingga, Cilacap, saha Banjarnegara. - Nyingidaken satunggaling perkawis: <i>randha</i>.

Tabel salajengipun

			Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	‘Krembenge Lia gedhe banget yah?’ (12 Oktober 2014) - Panuturipun Toni. - <i>Susu</i> dados krembeng. - Mujudaken makna enggal, krembeng menika piranti kangge nyimpen toya unjukan. - Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus: tembung ‘susu’ menika kaanggep kasar utawi tabu.
			Ndadosaken lucu	‘Akeh pramuka nang ngarep sekolahan SD.’ (12 Oktober 2014) - Panuturipun Andri. - Polisi dados pramuka. - Mujudaken makna enggal, pramuka menika salah setunggal kagiyatan <i>ekstrakurikuler</i> ing sekolah SMP utawi SMA. - Ndadosaken lucu kanthi ngginakaken tembung pramuka menika.
		Nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun	Ndadosaken langkung akrab	‘Yarwek lah.’ (12 Oktober 2014) - Panuturipun Johan. - <i>Bayar dhewek</i> dados <i>yarwek</i>. - Nyingidaken wanda ba saking tembung ‘bayar’ saha wanda dhe saking tembung ‘dhewek’. - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur kanthi ngginakaken tembung ‘yarwek’ menika.

Tabel salajengipun

			Ndadosaken lucu	‘Dhasar rames kowe,ha..ha.’ ’ (17 Oktober 2014) - Panuturipun Mustolih. - <i>Rai mesum</i> dados <i>rames</i>. - Nyingidaken (i) saking tembung rai saha wanda sum saking tembung ‘mesum.’ - Ndadosaken lucu saklebeting pirembagan kanthi ngginakaken tembung ‘rame’ menika.
			Ngandharaken panyaruwe	‘Bode beh pecicilan bae.’ ’ (17 Oktober 2014) - Panuturipun Anjang. - <i>Bocah desa</i> dados <i>bode</i>. - Nyingidaken wanda cah saking tembung ‘bocah’ saha wanda sa saking tembung ‘desa.’ - Ngandharaken panyaruwe dhateng tiyang ingkang <i>nakal</i>.
2	wanita	Muwuhi vokal (u) saha -in	Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	‘Aja liwat kuburan ya Yu, enyong wuedin.’ ’ (18 Oktober 2014) - Panuturipun Heni. - Wedi dados <i>wuedin</i>. - Muwuhi vokal (u) saha -in, w+(u) ed+in saha (i) dipunsingidaken. - Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah: rumaos wedi.
			Ndadosaken langkung akrab	‘Enyong bualin dhisit ya Kun anu wis sore.’ ’ (19 Oktober 2014) - Panuturipun Santi. - <i>Bali</i> dados <i>bualin</i>. - Muwuhi vokal (u) saha -in, b+(u) al+in saha (i) dipunsingidaken. - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur.

Tabel salajengipun

		Nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f)	Ndadosaken langkung akrab	‘Yu engko kowe bali karo fafa?’ Panuturipun Anis. ’ (17 Oktober 2014) - <i>Sapa</i> dados <i>fafa</i>. - Nggantos konsonan (s) saha (p) saking tembung ‘sapa’ mawi konsonan (f). - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur kanthi ngginakaken tembung ‘fafa’ menika.
			Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus	‘Pacarku kaya afu wis duwe pacar maning.’ ’ (19 Oktober 2014) - Panuturipun Kuni. - <i>Asu</i> dados <i>afu</i>. - Nggantos konsonan (s) saking tembung ‘asu’ mawi konsonan (f). - Ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus: tembung ‘asu’ menika kaanggep kasar.
		Nggantos vokalipun mawi vokal sanes	Ndadosaken langkung akrab	‘Tiki lotek aring warunge Daliem yuh Hen!’ ’ (17 Oktober 2014) - Panuturipun Ayu. - <i>Tuku</i> dados <i>tiki</i>. - Nggantos sedaya vokal (u) saking tembung ‘tuku’ mawi vokal (i). - Ndadosaken langkung akrab antawis panutur kaliyan mitra tutur kanthi ngginakaken tembung ‘tiki’ menika.

Tabel salajengipun

			Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah	‘Enyong sining nek ndeleng cah lanang raine resik.’ ’ (19 Oktober 2014) - Panuturipun Kuni. - <i>Seneng</i> dados <i>sining</i> . - Nggantos sedaya vokal (e) saking tembung ‘seneng’ mawi vokal (i). - Nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah: rumaos remen.
			Nyingidaken satunggaling perkawis	‘Enyong mau mbengi ngimpi nganti ngempel .’ ’ (17 Oktober 2014) - Panuturipun Anis. - <i>Ngompol</i> dados <i>ngimpil</i> . - Nggantos sedaya vokal (o) saking tembung ‘ngompol’ mawi vokal (i). - Nyingidaken satunggaling perkawis : <i>ngompol</i> ing papan sarean.

Adedhasar *tabel* wonten nginggil saged dipuntingali bilih tembung basa *prokem* saged kapanggihaken wonten tuturaning para kawula mudha ing Desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen. Basa *prokem* ingkang kapanggihaken adhedhasar ingkang ngginakaken dados kalih perangan. Peranganipun inggih menika kawula mudha pria saha wanita.

Basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha pria menawi dipuntingali saking proses pandhapukipun wonten 4, inggih menika kanthi 1) singkatan, 2) metatesis, 3) mujudaken makna enggal, 4) nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun. Proses pandhapukipun *prokem* singkatan menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 4, inggih

menika kangge 1) nyingidaken satunggaling perkawis, 2) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus, 3) ndadosaken lucu, 4) ndadosaken langkung akrab. Proses pandhapukipun *prokem* metatesis menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 5, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) nyingidaken satunggaling perkawis, 3) ngandharaken panyaruwe utawi kritik, 4) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 5) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi mujudaken makna enggal menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) nyingidaken satunggaling perkawis, 2) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus, 3) ndadosaken lucu. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) ndadosaken lucu, 3) ngandharaken panyaruwe utawi kritik.

Basa *prokem* ingkang kaginakaken dening kawula mudha wanita menawi dipuntingali saking proses pandhapukipun wonten 3, inggih menika kanthi 1) muwuhi vokal (u) saha –in, 2) nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f), 3) nggantos vokalipun mawi vokal sanes. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi muwuhi vokal (u) saha –in menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 2, inggih menika kangge 1) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 2) ndadosaken langkung akrab. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f)

menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 2, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. Proses pandhapukipun prokem kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 3) nyingidaken satunggaling perkawis.

B. Pirembagan

Ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan saking asiling panaliten ingkang sampun dipunandharaken saderengipun. Basa *prokem* menika proses pandhapukipun saha fungsipun werni-werni. Proses pandhapukipun, fungsipun, saha bedanipun basa *prokem* dening kawula mudha pria saha wanita bilih anggenipun ngandharaken dipunrembag kanthi urutan lajeng, amargi boten saged dipunpisah antawis perkawis setunggal kaliyan perkawis sanesipun. Basa *prokem* ingkang badhe dipunandharaken kawiwitan saking pria, kalajengaken kawula mudha wanita ing ngandhap menika.

1. Basa *prokem* pria

Pandhapukipun tembung-tembung *prokem* kanthi ewah-ewahan maneka werni, saengga wujud dhasaripun boten saged utawi angel dipunmangertosi malih. Tembung-tembung *prokem* ugi wonten ingkang boten ngalami ewah-ewahan maksudipun wujudipun *prokem* menika sami menawi dipuntandhingaken kaliyan wujud dhasaripun, ananging maknanipun ingkang

ewah. Sedaya tembung *prokem* menika kadhapuk saking *kreatifitas* panuturipun. Basa *prokem* ingkang pandhapukipun kaanggep bebas ugi wonten pola utawi rumusipun. Saking asiling panaliten dipunpanggiaken proses pandhapukipun *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ing Desa Tukinggedong kaperang dados 4, inggih menika kanthi 1) *singkatan*, 2) *metatesis*, 3) mujudaken makna enggal, 4) nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a. *Prokem* pria kanthi *singkatan*

Pandhapukipun *prokem* kanthi *singkatan* inggih menika nyingidaken setunggal utawi peranganing leksem utawi kombinasi leksem saengga dados wujud enggal ingkang dipunsebat tembung. Wujud *prokem* menika boten nyingidaken wujud asalipun utawi sampun dipunmangertosi dening tiyang sanes, ananging bab ingkang dipunsingkat ingkang dipunewahi. Pandhapukipun *prokem* kanthi *singkatan* menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 4, inggih menika kangge 1) nyingidaken satunggaling perkawis, 2) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus, 3) ndadosaken lucu, 4) ndadosaken langkung akrab. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Prokem* pria kanthi *singkatan* kangge nyingidaken satunggaling perkawis

Basa *prokem* dipunginakaken tiyang kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis tartamtu dipunsingidaken supados boten

dipunmangertosi dening tiyang sanes. Perkawis tartamtu menawi dipunmangertosi dening tiyang sanes ndadosaken panutur rumaos isin, boten penak, lan sapiturutipun. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi singkatan ingkang fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados ing pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Yayang paring pitaken dhateng Mustolih babagan papan ingkang sadean bir

Yayang : ‘Tuku **BCA** aring endi ya Mus?’

‘Mundhut **BCA** wonten pundi nggih Mus?’

Mustolih : ‘Aring meh Rijan ana kayane.’

‘Wonten ing dalemipun Rijan kadosipun wonten.’

Saking pethikan tuturan data (2) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **BCA**. **BCA** ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wacahan saking *Bank Central Asia*, ananging **BCA** ing data nginggil wacahan saking *Bir Campur Anggur*. B dados *Bir*, C dados *Campur*, saha A dados *Anggur*. *Bir Campur Anggur* menika gadhah makna jinising unjukan bir ingkang dipuncampur kaliyan anggur.

Fungsi *prokem* tembung **BCA** ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *Bir Campur Anggur*. *Bir Campur Anggur* menika unjukan ingkang dipunawisi dening masarakat, saengga Yayang anggenipun nangletaken papan ingkang sadean bir kanthi

mancah tembung BCA. Dados ingkang ndayani inggih menika *setting* kaliyan *participant*. *Setting* wonten pirembagan ing nginggil kawontenan ingkang santé. *Participant* ingkang ndayani inggih menika Yayang ingkang nyuwun pirsa dhateng Mustolih babagan papan ingkang sadean bir. Sesambetan Yayang kaliyan Mustolih menika antawis kanca ingkang rumaket.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *singkatan* saha fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Reza paring pitaken dhateng Toni babagan tiyang sanes ingkang sadean nomer utawi *togel*

Reza : ‘Ipan apa siki esih dadi **BNI**?’

‘Ipan menapa samenika taksih dados **BNI**?’

Toni : ‘Ya esih kayane luh.’

‘Inggih kadosipun taksih.’

Saking pethikan tuturan data (16) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **BNI**. BNI ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wancahan saking *Bank Nasional Indonesia*, ananging BNI ing data nginggil wancahan saking *Bakul Nomer Ideran*. B dados *Bakul*, N dados *Nomer*, saha I dados *Ideran*. *Bakul Nomer Ideran* menika gadhah makna tiyang ingkang padamelanipun sadean nomer utawi *judi togel*..

Fungsi *prokem* tembung BNI salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunmaksud inggih menika *judi*. *Judi* menika salah setunggal kagiyatan

ingkang dipunawisi dening masarakat, saengga Reza anggenipun nangletaken tiyang ingkang sadean nomer utawi *judi* kanthi mancah tembung BNI. Dados ingkang ndayani inggih menika *setting* kaliyan *participant*. *Setting* wonten pirembagan ing nginggil kawontenan ingkang santé. *Participant* ingkang ndayani inggih menika Reza ingkang nyuwun pirsu dhateng Toni babagan tiyang sanes ingkang sadean nomer utawi *togel*. Sesambetan Reza kaliyan Toni menika antawis kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami.

2) ***Prokem* pria kanthi singkatan kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus**

Kanthi ngginakaken basa *prokem* tetembungan ingkang kaanggep kasar saged kasamaraken dados tembung ingkang langkung alus. Paedah sanesipun nalika ngginakaken tetembungan ingkang kalebet *prokem* menika boten damel sakiting manah tiyang sanes. Tetembungan ingkang alus kangge nggantos bab ingkang dipunraos saged ngina tiyang sanes utawi tetembungan ingkang tabu. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi singkatan ingkang fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados ing pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Yayang nedahaken tiyang sanes ingkang dados maling dhateng Mustolih

Yayang : ‘Ujang lah dadi **MC** siki.’
‘Samenika Ujang dados **MC**.’

Mustolih : ‘Iya jerene.’
‘Inggih kabaripun.’

Saking pethikan tuturan data (4) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **MC**. MC ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wacahan saking *Master of Ceremony*, ananging MC ing data nginggil wacahan saking *Maling Cawet*. M dados *Maling* saha C dados *Cawet*. *Maling Cawet* menika gadhah makna tiyang ingkang mendhet *cawetipun* tiyang sanes tanpa nyuwun pirsu rumiya.

Fungsi *prokem* tembung MC salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Cawet* menika tembung ingkang kaanggep kasar utawi tabu dening masarakat. Yayang anggenipun nedahaken tiyang sanes ingkang dados *maling cawet* kanthi mancah tembung MC supados tembung ingkang dipunginakaken langkung alus. Dados ingkang ndayani inggih menika *setting* kaliyan *participant*. *Setting* wonten pirembagan ing nginggil kawontenan ingkang santé. *Participant* ingkang ndayani inggih menika Yayang ingkang nedahaken tiyang sanes ingkang dados maling dhateng Mustolih. Sesambetan Yayang kaliyan Mustolih menika antawis kanca ingkang rumaket.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *singkatan* saha fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Anjang kaliyan Mustolih saweg guneman ngrembag tiyang sanes

Anjang : ‘Rina lah mantep cewe **SGM**.’

‘Rina *mantep* wanita **SGM**.’

Mustolih : ‘ngertian banget kowe ya.’
 ‘Panjenengan mangertos sanget nggih.’

Saking pethikan tuturan data (38) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **SGM**. SGM ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wancahan saking *Susu Gula Manis*, ananging SGM ing data nginggil wancahan saking *Susu Gedhe Montok*. S dados *Susu*, G dados *Gedhe*, saha M dados *Montok*. *Susu Gedhe Montok* menika gadhah makna tiyang susunipun ageng saha seksi.

Fungsi *prokem* tembung SGM salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Susu* menika tembung ingkang kaanggep kasar utawi tabu dening masarakat. Anjang anggenipun nedahaken tiyang sanes ingkang gadhah *susu* ageng saha seksi kanthi mancah tembung SGM supados tembung ingkang dipunginakaken langkung alus. Dados ingkang ndayani inggih menika *setting* kaliyan *participant*. *Setting* wonten pirembagan ing nginggil kawontenan ingkang santé. *Participant* ingkang ndayani inggih menika Anjang ingkang saweg guneman kaliyan Mustolih ngrembag babagan tiyang sanes. Sesambetan Anjang kaliyan Mustolih menika antawis kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami.

3) *Prokem* pria kanthi singkatan kangge ndadosaken lucu

Basa *prokem* dipunginakaken kangge ndadosaken lucu inggih menika upadi kangge njalari gemuyu kanthi pacelathon ingkang nganeh-nganehi. Tiyang ingkang ngginakaken basa *prokem* ingkang lucu nedahaken kreatifitasipun. Mujudaken lucu menika salah setunggal cara tiyang kangge

ngicalaken raos *jenuh*. Wonten *prokem* ugi dipunmujudaken tetembungan ingkang gadhah ancas kangge damel lucu utawi *humor*. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi singkatan ingkang fungsipun kangge ndadosaken lucu kados ing pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Johan nyuwun pirsa dhateng Yayang babagan kuliah ing pundi

Johan : ‘Kuliah nang endi siki kowe Yang?’
 ‘Panjenengan samenika kuliah wonten pundi Yang?’
 Yayang : ‘Nang UNY Jogja Han.’
 ‘Wonten UNY Jogja Han.’
 Johan : ‘Enyong nang **UGM**.’
 ‘Kula wonten **UGM**.’

Saking pethikan tuturan data (22) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **UGM**. UGM ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wancahan saking *Universitas Gadjah Mada*, ananging UGM ing data nginggil wancahan saking *Urute Gombong Mengidul*. U dados *Urute*, G dados *Gombong*, saha M dados *Mengidul*. *Urute Gombong Mengidul* menika gadhah makna desanipun panutur inggih menika Desa Tukunggedong papanipun sakidulipun Kitha Gombong utawi panutur nedahaken ing dalem kemawon boten kuliah.

Fungsi *prokem* tembung UGM salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung UGM supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor* salebeting pirembagan. Johan anggenipun nedahaken boten kuliah kanthi mancah tembung UGM supados dados lucu. Dados ingkang ndayani inggih

menika *setting* kaliyan *participant*. *Setting* wonten pirembagan ing nginggil kawontenan ingkang santé. *Participant* ingkang ndayani inggih menika Johan ingkang nedahaken dhateng Yayang bilih Johan menika boten kuliah amargi wonten ing dalem kemawon.. Sesambetan Johan kaliyan Yayang menika antawis kanca ingkang rumaket.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *singkatan* saha fungsipun kangge ndadosaken lucu kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Andri kaliyan Toni guneman ngrembag babagan sholat tahajud

Andri : ‘Asem enyong pengin tahajud malah **TTS**,he..he.’
 ‘Kula gadhah pepinginan sholat tahajud ananging **TTS**, he..he.’
 Toni : ‘Anu ora niat yah?’
 ‘Boten niat nggih?’

Saking pethikan tuturan data (11) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **TTS**. **TTS** ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wacahan saking *Teka Teki Silang*, ananging **TTS** ing data nginggil wacahan saking *Tangi Tangi Shubuh*. T dados *Tangi*, T dados *Tangi*, saha S dados *Shubuh*. *Tangi Tangi Shubuh* menika gadhah makna anggenipun tangi saking sare wancinipun sampun shubuh menawi badhe sholat tahajud sampun boten saged utawi sah.

Fungsi *prokem* tembung **TTS** salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung **TTS** supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor*

salebeting pirembagan. Andri anggenipun nedahaken bilih tangnipun sampun shubuh menawi badhe sholat tahajud sampun boten saged kanthi mancah tembung TTS supados dados lucu. Panuturipun Andri ingkang nedahaken dhateng Toni anggenipun tangi saking sare wancinipun sampun shubuh. Andri kaliyan Toni menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

4) *Prokem* pria kanthi singkatan kangge ndadosaken langkung akrab

Fungsi *prokem* kangge ndadosaken sesambetan langkung akrab tegesipun wontenipun raos caket, *persahabatan*, sanak-sanak sederek ingkang rumaket wonten satunggaling klompok lajeng dipunandharaken kanthi ngginakaken basa mligi. *Prokem* dipunginakaken tiyang supados sesambetan antawisipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun dados langkung akrab mawi basa ingkang sami. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi singkatan ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Toni badhe nyarutang dhateng Reza ananging artanipun kirang

Toni : ‘Kiye enyong nyarutang tapi kurange ngesuk maning ya.’
‘Kula badhe nyaur utang, ananging kirangipun benjang malih nggih.’

Reza : ‘Aja dipikir mas, **RPP**.’
‘Sampun dipunpenggalih mas, **RPP**.’

Saking pethikan tuturan data (48) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **RPP**.

RPP ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wancahan saking *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*, ananging RPP ing data nginggil wancahan saking *Ra Patia Penting*. R dados *ra*, P dados *patia*, saha P dados *Penting*. *Ra Patia Penting* menika gadhah makna boten wigati sanget anggenipun nyarutang artanipun taksih kirang.

Fungsi *prokem* tembung RPP salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung TTS supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Andri anggenipun nedahaken bilih boten menapa-menapa amargi anggenipun nyarutang kirang artanipun kanthi mancah tembung RPP supados langkung akrab amargi sampun mangertosi makna tembung *prokem* RPP menika. Panuturipun Reza ingkang nedahaken dhateng Toni bilih kekuranganipun arta anggenipun nyarutang ampun dados penggalih. Reza kaliyan Toni menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *singkatan* saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Mustolih kaliyan Yayang badhe mundhut soto ing warung

Mustolih : ‘Nyoto meh Daliem Yang.’

‘Mangga nyoto wonten dalemipun Daliem Yang.’

Yayang : ‘Dhuwitku mung telungewu kiye.’

‘Arta kula namung tigangewu menika.’

Mustolih : ‘**SBM** engko enyong tambahi.’

‘**SBM** samangke kula paring tambah.’

Saking pethikan tuturan data (55) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang ngemu basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **SBM**. SBM ingkang limrah dipunmangertosi dening masarakat wacahan saking *Sumber Baru Motor*, ananging SBM ing data nginggil wacahan saking *Sante Bae Mas*. S dados *sante*, B dados *Bae*, saha M dados *mas*. *Sante Bae Mas* menika gadhah makna kahanan ingkang dipunkajengaken dening panutur dhateng mitra tutur rumaos santé kemawon sanajan mitra tutur ngendika bilih gadhah arta namung tigangewu.

Fungsi *prokem* tembung SBM salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung SBM supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Mustolih anggenipun nedahaken bilih boten menapa-menapa sanajan Yayang ngendika gadhah arta namung tigangewu kanthi mancah tembung SBM. Yayang ngginakaken tembung SBM supados langkung akrab amargi sampun mangertosi makna tembung *prokem* SBM menika. Panuturipun Mustolih ingkang nedahaken dhateng Yayang supados rumaos santé kemawon. Mustolih kaliyan Yayang menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

b. *Prokem* pria kanthi metatesis

Metatesis inggih menika ewahaning papan huruf, fonem, utawi wanda ing tembung. Ewahaning menika dipuntindakaken supados wujud asalipun saking *prokem* menika kasingidaken saha angel dipuntingali malih. *Metatesis*

menika rumusipun cekap werni-werni, saengga boten namung setunggal rumusipun. Proses *metatesis* menika saged ngewahi papan fonemipun saha saged ugi ngewahi papan wandanipun. Pandhapukipun *prokem* kanthi metatesis menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 5, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) nyingidaken satunggaling perkawis, 3) ngandharaken panyaruwe utawi kritik, 4) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 5) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Prokem* pria kanthi metatesis kangge ndadosaken langkung akrab

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi metatesis ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Johan ngaturi dhateng Anjang mundhut dhaharan ing warung

Johan : ‘**Cotken** kiye Njang, meng warung yuh!’

‘**Cotken** menika Njang, mangga dhateng warung!’

Anjang : ‘Aring meh Bundhi bae ya.’

‘Wonten ing dalemipun Bundhi kemawon nggih.’

Saking pethikan tuturan wonten data (1) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika ***cotken***. Tembung *cotken* menika aslinipun saking tembung *kencot* ingkang gadhah makna ngelih. Tembung *kencot* dados *cotken* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun

pangguhaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi papan wandanipun. Tembung *kencot* dados *cotken* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning wanda ‘ken’ saha wanda ‘cot’ saking tembung *kencot*.

Fungsi *prokem* tembung *cotken* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *cotken* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Johan anggenipun nedahaken rumaos ngelih kanthi ngginakaken tembung *cotken* supados langkung akrab amargi sampun mangertosi makna tembung *prokem cotken* menika. Panuturipun Johan ingkang nedahaken dhateng Anjang bilih rumaos ngelih saengga mature badhe mundhut dhaharan. Johan kaliyan Anjang menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *metatesis* saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Johan ngaturi dhateng Mustolih pamit kondur amargi sampun ngantuk

Johan : ‘**Ilab** yuh mas, enyong wis ngantuk kiye.’

‘Mangga **Ilab** mas, kula sampun ngantuk.’

Mustolih : ‘Yuh, enyong ya uwis ngantuk.’

‘Mangga kula ugi sampun ngantuk.’

Saking pethikan tuturan wonten data (47) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut

inggih menika **ilab**. Tembung *ilab* menika aslinipun saking tembung *bali* ingkang gadhah makna kondur. Tembung *bali* dados *ilab* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi fonemipun. Tembung *bali* dados *ilab* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning fonem tembung *bali* saking wingking.

Fungsi *prokem* tembung *ilab* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *ilab* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Mustolih anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab. Johan anggenipun ngaturi badhe kondur kanthi ngginakaken tembung *ilab* amargi Mustolih ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem ilab* menika. Panuturipun Johan ingkang nedahaken dhateng Mustolih rumaos ngantuk. Johan kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) Prokem pria kanthi metatesis kangge nyingidaken satunggaling perkawis

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi *metatesis* ingkang fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Anjang nyuwun pirs dhateng Mustolih babagan tiyang sanes ingkang enggal sepi.

Anjang : ‘Agus wis kelas telu SMP nembu **tipes** apa?
 ‘Agus sampun kelas tiga SMP menapa enggal **tipes**?
 Mustolih : ‘Nek enyong isin ya.’
 ‘Menawi kula isin nggih.’

Saking pethikan tuturan wonten data (12) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **tipes**. Tembung *tipes* menika aslinipun saking tembung *sepi* ingkang gadhah makna *sunat*. Tembung *sepi* dados *tipes* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi fonemipun. Tembung *sepi* dados *tipes* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning fonem tembung *sepi* saking wingking.

Fungsi *prokem* tembung *tipes* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *sepi*. Panutur nyingidaken babagan *sepi* amargi limrahipun tiyang jaler menawi dipunsunat menika SD dumugi kelas 1 SMP. Anjang anggenipun nangletaken tiyang ingkang enggal dipunsunat kanthi ngginakaken tembung *tipes* supados tiyang sanes boten mangertos. Panuturipun Anjang ingkang nedahaken tiyang sanes ingkang enggal dipunsunat dhateng Mustolih. Anjang kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *metatesis* saha fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Toni nyuwun pirsu dhateng Reza babagan reremenanipun menapa sampun nate *meteng* menapa dereng

Toni : ‘Pacarmu wis **tau tengme** yah nang kowe?’
‘Reremenan panjenengan sampun nate **tengme** nggih dening panjenengan?’

Reza : ‘Aja ngasi lah kaya kuwe.’
‘Sampun ngantos kados menika.’

Saking pethikan tuturan wonten data (28) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **tengme**. Tembung *tengme* menika aslinipun saking tembung *meteng* ingkang gadhah makna *hamil*. Tembung *meteng* dados *tengme* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi papan wandanipun. Tembung *meteng* dados *tengme* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning papan wanda ‘me’ kaliyan wanda ‘teng’.

Fungsi *prokem* tembung *tengme* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *meteng*. Panutur nyingidaken babagan *meteng* amargi Reza menika dereng gadhah garwa amargi limrahipun tiyang ingkang *meteng* menika sampun gadhah garwa. Toni anggenipun nangletaken reremenaipun Reza menapa sampun nate *meteng* menapa dereng kanthi ngginakaken tembung *tengme* supados tiyang sanes boten mangertos.

Panuturipun Toni ingkang nyuwun pirsu dhateng Reza babagan reremenanipun menapa sampun nate *meteng* menapa dereng. Toni kaliyan Reza menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

3) *Prokem* pria kanthi metatesis kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik

Basa *prokem* dipunginakaken tiyang kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritikipun ing sangajengipun masarakat wiyar. Kritik langsung saged damel drajating tiyang ingkang dipunkritik dados langkung asor, awit saking menika nalika paring panyaruwe dipunandharaken kanthi ngginakaken basa *prokem*. Kanthi ngginakaken *prokem* supados boten langsung dumugi manahipun tiyang ingkang dipunkritik. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi *metatesis* ingkang fungsipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Yayang nedahaken dhateng Mustolih babagan tiyang sanes ingkang gadhah waja radi medal

Johan : ‘Kowe ngerti jebule pacare Parmin **gostong**.’
 ‘Panjenengan mangertos bilih reremenanipun Parmin menika **gostong**.’

Mustolih : ‘Pantesan nggo masker terus.’
 ‘Pantes ngginakaken *masker* lajeng.’

Saking pethikan tuturan wonten data (19) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika ***gostong***. Tembung *gostong* menika aslinipun saking tembung *tonggos* ingkang gadhah makna waja ingkang radi medal. Tembung *tonggos* dados *gostong* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi papan wandanipun. Tembung *tonggos* dados *gostong* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning papan wanda ‘tong’ kaliyan wanda ‘gos’.

Fungsi *prokem* tembung *gostong* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Panutur nglisanaken tembung *gostong* kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik dhateng reremenanipun Parmin amargi gadhah waja ingkang radi medal. Panutur anggenipun ngandharaken panyaruwe utawi kritik boten langsung amargi tiyang ingkang dipunkritik menika sanjawining pawicantenan klompok kasebut. Panuturipun Johan ingkang nedahaken dhateng Mustolih babagan reremenanipun Parmin ingkang wajanipun *tonggos* utawi radi medal. Johan kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *metatesis* saha fungsipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Anjang nedahaken dhateng Johan babagan tiyang sanes ingkang boten gadhah rikma

Anjang : ‘Siki Anton dadi **dhulgun** ya mau enyong ketemu.’
 ‘Samenika Anton dados **dhulgun** nggih, kula wau kepanggih.’

Johan : ‘Anton sing biyen kelas telu C apa udu?’
 ‘Anton ingkang rumiyin kelas tiga C menapa sanes?’

Saking pethikan tuturan wonten data (56) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **dhulgun**. Tembung *dhulgun* menika aslinipun saking tembung *gundhul* ingkang gadhah makna boten gadhah rikma. Tembung *gundhul* dados *dhulgun* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi papan wandanipun. Tembung *gundhul* dados *dhulgun* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning papan wanda ‘gun’ kaliyan wanda ‘dhul’.

Fungsi *prokem* tembung *dhulgun* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Panutur nglisanaken tembung *dhulgun* kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik dhateng Anton ingkang samenika boten gadhah rikma menawi dipuntandhingaken kala rumiyin. Panutur anggenipun ngandharaken panyaruwe utawi kritik boten langsung amargi tiyang ingkang dipunkritik menika sanjawining pawicantenan klompok kasebut. Panuturipun Anjang ingkang nedahaken dhateng Johan babagan tiyang sanes ingkang boten gadhah rikma. Anjang kaliyan Johan menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang

ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

4) *Prokem* pria kanthi metatesis kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah

Prokem saged dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, kadosta raos remen, kasmaran, kesel lan sapiturutipun. Kadhangkala solah bawa saha pangraosaning manah tartamtu angel dipunandharaken kanthi langsung, jalaran raos isin saha raos boten tega, saengga dipunandharaken kanthi tetembungan ingkang mligi. *Prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi *metatesis* ingkang fungsipun kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Mustolih nesu dhateng Yayang amargi boten dipunparingi arta

Mustolih : ‘Jel nyelang dhuite Yang rongewu nggo tuku udud.’

‘Ngampil arta Yang kalihewu kangge mundhut rokok.’

Yayang : ‘Agi ora ana kiye.’

‘Saweg boten gadhah.’

Mustolih : ‘Lah..enyong **husek** meng kowe.’

‘Kula **husek** dhateng panjenengan.’

Saking pethikan tuturan wonten data (37) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **husek**. Tembung *husek* menika aslinipun saking tembung *kesuh* ingkang gadhah makna *nesu*. Tembung *kesuh* dados *husek* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi fonemipun.

Tembung *kesuh* dados *husek* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning fonem tembung *kesuh* saking wingking.

Fungsi *prokem* tembung *husek* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos nesu. Panutur nglisanaken tembung *husek* kangge nedahaken raos nesu dhateng mitra tuturipun amargi boten dipunparingi arta kangge tumbas rokok. Mustolih sampun akrab kaliyan Yayang ananging boten dipunparingi arta dados rumaos nesu. Panuturipun Mustolih ingkang nedahaken rumaos nesu dhateng Yayang. Mustolih kaliyan Yayang menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *metatesis* saha fungsipun kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Reza nedahaken dhateng Andri babagan tiyang sanes ingkang ayu

Reza : ‘Nek ana bocah **uya** kaya Kuni ya seneng aku.’

‘Menawi wonten tiyang **uya** kados Kuni nggih kula remen.’

Andri : ‘Iya bener banget kowe.’

‘Inggih panjenengan leres sanget.’

Saking pethikan tuturan wonten data (57) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **uya**. Tembung *uya* menika aslinipun saking tembung *ayu* ingkang gadhah makna rupanipun ingkang endah (kangge estri). Tembung *ayu*

dados *uya* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi fonemipun. Tembung *ayu* dados *uya* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning fonem tembung *ayu* saking wingking.

Fungsi *prokem* tembung *uya* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos remen. Panutur nglisanaken tembung *uya* kangge nedahaken raos remen menawi ningali tiyang ingkang *ayu*. Raos remen menika kawujud amargi wontenipun raos *cinta* ingkang ketingal *indah*, *bagus*, utawi *cantik*. Panuturipun Reza ingkang nedahaken rumaos remen menawi ningali wanita ingkang *ayu* kados Kuni. Reza kaliyan Andri menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

5) *Prokem* pria kanthi *metatesis* kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi *metatesis* ingkang fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Anjang kaliyan Johan saweg lenggahan ngrembag babagan
rambut kemaluan

Anjang : ‘Arep ora Han?
 ‘Kersa boten Han?’
Johan : ‘Apa sih?’
 ‘Menapa?’

Anjang : ‘**Tubmej** gonku kiye.’
 ‘**Tubmej** kula.’

Saking pethikan tuturan wonten data (52) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **tubmej**. Tembung *tubmej* menika aslinipun saking tembung *jembut* ingkang gadhah makna rikma ing *kemaluan*. Tembung *jembut* dados *tubmej* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi fonemipun. Tembung *jembut* dados *tubmej* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning fonem tembung *jembut* saking wingking.

Fungsi *prokem* tembung *tubmej* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Jembut* menika tembung ingkang kaanggep kasar dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *tubmej*. Tembung *tubmej* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *jembut*. Panuturipun Anjang ingkang nedahaken rikma ing *kemaluan* dhateng Johan. Anjang kaliyan Johan menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi *metatesis* saha fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Yayang nyuwun pirs dhateng Johan menawi ningali *film porno tegang* menapa boten

Yayang : ‘Nek ndeleng film porno **cengnga** apa ora kowe?’
 ‘Menawi ningali *film porno* panjenengan **cengnga** menapa boten?’

Johan : ‘Ya iya wong enyong tesih normal.’
 ‘Inggih kula taksih normal.’

Saking pethikan tuturan wonten data (58) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Tembung kasebut inggih menika **cengnga**. Tembung *cengnga* menika aslinipun saking tembung *ngaceng* ingkang gadhah makna *tegang* (kangge *kelamin* pria). Tembung *ngaceng* dados *cengnga* kanthi ngalami ewah-ewahan kanthi proses *metatesis*. Proses *metatesis* ingkang dipun panggihaken ing tuturan wonten nginggil inggih menika ngewahi papan wandanipun. Tembung *ngaceng* dados *cengnga* proses pandhapukipun kanthi ngewahi urutaning papan wanda ‘nga’ kaliyan wanda ‘ceng’.

Fungsi *prokem* tembung *cengnga* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *ngaceng* menika tembung ingkang kaanggep kasar dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *cengnga*. Tembung *cengnga* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *ngaceng*. Panuturipun Yayang ingkang nyuwun pirs dhateng Mustolih babagan *tegang* (kangge *kelamin* pria). Yayang kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha

yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

c. *Prokem* pria kanthi mujudaken makna enggal

Mujudaken makna enggal inggih menika wujud *prokem* menika sami utawi boten ewah saking wujud asalipun. Saben wujud *prokem* saha wujud asalipun menika gadhah makna ingkang beda. *Prokem* ingkang kadhapuk kanthi mujudaken makna enggal dipunkajengaken supados tiyang sanes boten saged mangertos bab menapa ingkang dipunrembag dening panuturipun. Pandhapukipun *prokem* kanthi mujudaken makna enggal menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) nyingidaken satunggaling perkawis, 2) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus, 3) ndadosaken lucu.. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Prokem* pria kanthi mujudaken makna enggal kangge nyingidaken satunggaling perkawis

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal ingkang fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Mustoli ngaturi dhateng Johan madosi randha ing alun-alun

Mustoli : ‘Golet **plat R** yuh aring alun-alun mbok ana.’

‘Mangga pados **plat R** wonten alun-alun mbok menawi wonten.’

Johan : ‘Senengane kowe lah kaya kuwe.’

‘Panjenengan kok asring kados mekaten.’

Saking pethikan tuturan data (3) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **plat R**. Tembung *prokem Plat R* menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *plat R* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Plat R* wonten aslinipun inggih menika *plat nomer kendaraan bermotor* wonten ing Kabupaten Banyumas, Purbalingga, Cilacap, saha Banjarnegara. *Plat R* wonten ing data nginggil menika ngemu teges randha utawi tiyang estri ingkang sampun boten gadhah garwa. Tembung *plat R* wonten *prokemipun* dipunginakaken kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Fungsi *prokem* tembung *plat R* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *randha*. Panutur nyingidaken babagan *randha* amargi wonten ing papan saweg guneman menika wonten tiyang ingkang dados randha supados tiyang kasebut boten mangertos. Mustolih anggenipun ngaturi tiyang ingkang dados randha kanthi ngginakaken tembung *plat R* supados tiyang sanes boten mangertos. Panuturipun Mustolih ingkang ngaturi dhateng Johan madosi randha ing alun-alun. Johan kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha yuswanipun sami. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal saha fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Johan nyuwun pirsa dhateng Yayang menapa gadhah kaset *Blue Film* menapa boten

Johan : ‘Kowe duwe kaset **unyil** ora Yang?’
 ‘Panjenengan gadhah kaset **unyil** boten Yang?’
 Yayang : ‘Ora duwe, aring Toni kayane duwe.’
 ‘Boten gadhah, Toni kadosipun gadhah,’

Saking pethikan tuturan data (27) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **unyil**. Tembung *prokem unyil* menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *unyil* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Unyil* wonten aslinipun inggih menika salah setunggal *program* ing *televisi*. *Unyil* menika *program* lare alit ing salah setunggal *stasiun televisi* swasta, samenika ugi taksih acara *unyil* menika. *Unyil* wonten ing data nginggil menika ngemu teges *blue film* utawi film *porno*. Tembung *unyil* wonten *prokemipun* dipunginakaken kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Fungsi *prokem* tembung *unyil* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *blue film* utawi film *porno*.

Panutur nyingidaken babagan film *porno* amargi rumaos isin menawi tiyang sanes mangertos ingkang dipunkajengaken dening panutur menika. Film *porno* menika bab ingkang dipunawisi dening masarakat saengga panutur boten ngginakaken tembung film *porno*, ananging kanthi ngginakaken tembung *unyil*. Panuturipun Johan ingkang nyuwun pirsá dhateng Yayang menapa gadhah kaset *blue film* menapa boten. Johan kaliyan Yayang menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) *Prokem* pria kanthi mujudaken makna enggal kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal ingkang fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Toni kaliyan Reza mapan ing pinggir margi ngrembag tiyang sanes

Toni : ‘**Krembenge** Lia gedhe banget ya?’

‘**Krembengipun** Lia ageng sanget nggih?’

Reza : ‘Iya pancen gedhe, ya ora banget lah.’

‘Inggih panci ageng, ananging boten sanget.’

Saking pethikan tuturan data (8) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **krembeng**. Tembung *prokem krembeng* menawi

dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *krembeng* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Krembeng* wonten aslinipun inggih menika piranti kangge nyimpen toya unjukan, menawi toya sampun dipun*masak* lajeng dipunsimpen ing *krembeng*. *Krembeng* wonten ing data nginggil menika ngemu teges *payudhara* utawi *susu*. Tembung *krembeng* wonten *prokem*ipun dipunginakaken kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Fungsi *prokem* tembung *krembeng* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Susu* menika tembung ingkang kaanggep kasar utawi *tabu* dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *krembeng*. Tembung *krembeng* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *susu*. Panuturipun Toni ingkang nedahaken dhateng Reza bilih *payudharanipun* Lia menika ageng sanget. Panuturipun Toni ingkang nedahaken dhateng Reza bilih *payudharanipun* Lia menika ageng sanget. Toni kaliyan Reza menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal saha fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Johan kaliyan Anjang ngrembag babagan ndalu jum'at

Johan : 'Siki wengi Jum'at ya akeh sing padha **gathengan**.'

'Samenika malem Jum'at kathah ingkang sami **gathengan**.'

Anjang : 'Iya sing padha due bojo.'

'Inggih ingkang sami gadhah garwa.'

Saking pethikan tuturan data (13) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **gathengan**. Tembung *prokem gathengan* menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *gathengan* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Gathengan* wonten aslinipun inggih menika salah setunggal dolanan lare alit ingkang ngginakaken bal bekel. *Gathengan* wonten ing data nginggil menika ngemu teges *kawin* utawi *hubungan intim*. Tembung *gathengan* wonten *prokem*ipun dipunginakaken panutur kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur kasebut.

Fungsi *prokem* tembung *gathengan* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Kawin* utawi *hubungan intim* menika tembung ingkang kaanggep kasar utawi *tabu* dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *gathengan*. Tembung *gathengan* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *kawin*. Panuturipun Johan ingkang nedahaken ngengingi menawi ndalu jum'at menika kathah tiyang ingkang nindakaken *hubungan intim* dhateng Anjang. Toni kaliyan Reza menika kanca ingkang rumaket saha

asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

3) *Prokem* pria kanthi mujudaken makna enggal kangge ndadosaken lucu

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal ingkang fungsipun kangge ndadosaken lucu kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Andri enggal rawuh nedahaken kathah polisi ing ngajeng sekolahan SD

Andri : ‘Akeh **pramuka** nang ngarep sekolahan SD.’
‘Kathah **pramuka** wonten ngajeng sekolahan SD.’

Toni : ‘Arep ana tilangan kayane.’
‘Kadosipun badhe wonten tilangan.’

Saking pethikan tuturan data (21) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **pramuka**. Tembung *prokem pramuka* menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *pramuka* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Pramuka* wonten aslinipun inggih menika salah setunggal kagiyatan *ekstrakurikuler* wajib ingkang kawontenaken ing sekolah SMP utawi SMA. Kagiyatan *pramuka* menika ndadosaken siswanipun langkung mandhiri utawi saged nglestantunaken gotong royong ing masarakat. *Pramuka* wonten ing data nginggil menika ngemu teges *polisi*. Tembung *pramuka* wonten

prokemipun dipunginakaken kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Fungsi *prokem* tembung *pramuka* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung *pramuka* supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor* salebeting pirembagan. Andri anggenipun nedahaken wonten polisi kanthi ngginakaken tembung *pramuka* ingkang nggantos makna aslinipun supados dados lucu. Panuturipun Andri ingkang nedahaken dhateng Toni bilih kathah polisi ing sangajenging sekolahan SD. Andri kaliyan Toni menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi mujudaken makna enggal saha fungsipun kangge ndadosaken lucu kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Toni nyuwun pirsa dhateng Reza babagan rikmanipun

Toni : ‘Wah..**slebore** anyar kaya tentara.’
 ‘Wah..**sleboripun** enggal kados tentara.’
 Reza : ‘Enyong kan arep dadi tentara.’
 ‘Kula kan badhe dados tentara.’

Saking pethikan tuturan data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika tembung **slebor**. Tembung *prokem slebor* menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung aslinipun *slebor* wujudipun sami, ananging maknanipun saking kekalih tembung kasebut ingkang beda. *Slebor*

wonten aslinipun inggih menika salah wujud benda ingkang mapan ing pit utawi motor. *Slebor* menika mapanipun wonten sawingkingipun *ban* supados dados pepalang menawi wonten toya ing margi. *Slebor* wonten ing data nginggil menika ngemu teges *cukuran* rikma. Tembung *slebor* wonten *prokemipun* dipunginakaken kangge sandi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Fungsi *prokem* tembung *slebor* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung *slebor* supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor* salebeting pirembagan. Toni anggenipun nyuwun pirsababagan rikmanipun Reza kanthi ngginakaken tembung *slebor* ingkang nggantos makna aslinipun supados dados lucu. Panuturipun Toni ingkang nyuwun pirsadhateng Reza babagan *cukuran* rikmanipun ingkang enggal. Toni kaliyan Reza menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

d. Prokem pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun

Cara sanes ingkang dipuntindakaken kangge nyingidaken wujud asal *prokemipun* inggih menika kanthi nyingidaken salah setunggal utawi langkung wandanipun. *Teknik* menika biasanipun dipuntindakaken saking kalih tembung dipundadosaken setunggal tembung ingkang mujudaken tembung enggal. Tembung ingkang dipunsingidaken wandanipun biasanipun ingkang

gadhah wanda namung kalih. Kajaba nyingidaken wandanipun ugi saged vokalipun ingkang dipunsingadaken. Pandhapukipun *prokem* kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados dados 3, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) ndadosaken lucu, 3) ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Prokem* pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ndadosaken langkung akrab

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Johan ngaturi Mustolih mundhut bakso ing Peken Puring

Johan : ‘Siki pasar Puring kan, mbakso Mus kayane seger.’
 ‘Samenika Peken Puring, mangga mundhut bakso Mus kadosipun eca.’
 Mustolih : ‘Bayarna ya.’
 ‘Dipunbayaraken nggih.’
 Johan : ‘**Yarwek** ya.’
 ‘**Yarwek** nggih.’

Saking pethikan tuturan wonten data (33) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **yarwek**. Tembung *yarwek* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *bayar* saha tembung *dhewek* ingkang gadhah makna bayar kanthi ngginakaken artanipun piyambak-piyambak. Saking kekalih tembung kasebut wanda ingkang ngajeng ingkang

dipunsingidaken. Wanda ‘ba’ saking tembung *bayar* dipunsingidaken dados ‘yar’, lajeng wanda ‘dhe’ saking tembung *dhewek* dipunsingidaken dados ‘wek’ saengga *bayar dhewek* dados *yarwek*.

Fungsi *prokem* tembung *yarwek* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *yarwek* supados rumaos caket kaliyan mitra tutur. Johan ngandharaken bilih anggenipun mundhut bakso kanthi ngginakaken artanipun piyambak-piyambak dhateng Mustoli ngginakaken tembung *yarwek*. Mustoli anggenipun mangsuli ugi kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun mangertos makna tembung *prokem yarwek* menika. Panuturipun Johan ingkang ngaturi Mustoli mundhut bakso wonten Peken Puring. Johan kaliyan Mustoli menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Johan kaliyan Anjang lenggahan ngrembag babagan ndalu Minggu

Johan : ‘Engko wengi Minggu ya **tugas** lah.’
‘Mangke malem Minggu nggih **tugas**.’

Anjang : ‘Due pacar ya ben ora kesepian.’
 ‘Gadhah reremenan nggih supados boten rumaos
 piyambakan.’

Saking pethikan tuturan wonten data (41) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **tugas**. Tembung *tugas* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *туру* saha tembung *gasik* ingkang gadhah makna sare langkung *gasik* saking biasanipun. Saking kekalih tembung kasebut wanda ingkang wingking dipunsingidaken. Wanda ‘ru’ saking tembung *туру* dipunsingidaken dados ‘tu’, lajeng wanda ‘sik’ saking tembung *gasik* dipunsingidaken dados ‘ga’ saengga *туру gasik* dados *tugas*.

Fungsi *prokem* tembung *tugas* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *tugas* supados rumaos caket kaliyan mitra tutur. Johan ngandharaken bilih badhe sare langkung *gasik* saking biasanipun kanthi ngginakaken ngginakaken tembung *tugas*. Anjang anggenipun mangsuli ugi kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun mangertosi makna tembung *prokem tugas* menika. Panuturipun Johan ingkang nedahaken dhateng Anjang babagan dalu Minggu badhe sare langkung *gasik* tinimbang saking biasanipun. Johan kaliyan Anjang menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) *Prokem* pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ndadosaken lucu

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun ingkang fungsipun kangge ndadosaken lucu kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Mustolih kaliyan Johan saweg lenggahan ningali wanita ingkang ayu saha *seksi*

Mustolih : ‘Kae cewe ayu banget karo seksi maning.’
‘Menika wonten wanita ayu sanget saha *seksi* malih.’

Johan : ‘Dhasar **rames** kowe,ha..ha.’
‘Dhasar panjenengan **rames**,ha..ha.’

Saking pethikan tuturan wonten data (34) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **rames**. Tembung *rames* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *rai* saha tembung *mesum* ingkang gadhah makna tiyang ingkang penggalhipun ngengingi bab ingkang asipat *cabul*. Saking kekalih tembung kasebut vokal saha wanda ingkang ngajeng dipunsingidaken. Vokal (i) saking tembung *rai* dipunsingidaken dados ‘ra’, lajeng wanda ‘sum’ saking tembung *mesum* dipunsingidaken dados ‘mes’ saengga *rai mesum* dados *rames*.

Fungsi *prokem* tembung *rames* salebeting pirembagan ing nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung *rames* supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor*

salebeting pirembagan. Johan anggenipun ngandharaken bilih Mustolih menika gadhah sipat *cabul* menawi ningali wanita ingkang ayu saha *seksi*. kanthi ngginakaken tembung *rames* supados dados lucu. Panuturipun Johan ingkang ngandharaken bilih Mustolih menika gadhah sipat *cabul* menawi ningali wanita ingkang ayu saha *seksi*. Johan kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun saha fungsipun kangge ndadosaken lucu kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Yayang nedahaken dhateng Anjang nalika sasampunipun dhahar

Yayang : ‘Bar madhang dadi **kangen** bae kiye lah.’

‘Bibar dhahar dados **kangen** kemawon.’

Anjang : ‘Kana lah sing adoh.’

‘Mriku ingkang tebih.’

Saking pethikan tuturan wonten data (46) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **kangen**. Tembung *kangen* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *karepe* saha tembung *ngentut* ingkang gadhah makna kajengipun *kentut* lajeng. Wanda ‘repe’ saking tembung *karepe* dipunsingidaken dados ‘ka’, lajeng wanda ‘tut’ saking tembung *ngentut* dipunsingidaken dados ‘ngen’ saengga *karepe ngentut* dados *kangen*.

Fungsi *prokem* tembung *kangen* salebeting pirembagan ing nginggil inggih menika kangge ndadosaken lucu. Panutur sengaja nglisanaken tembung *kangen* supados kahanan pacelathon dhateng lawan tutur dados bahan *humor* salebeting pirembagan. Panutur rumaos *kenyang* sasampunipun dhahar , pramila raosipun pingin *kentut* lajeng kemawon. Yayang anggenipun nedahahken bilih kajengipun *kentut* lajeng kemawon kanthi ngginakaken tembung *kangen* supados dados lucu. Panuturipun Yayang ingkang nedahahken bilih sabibaripun dhahar kajengipun *kentut* lajeng kemawon. Yayang kaliyan Anjang menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

3) *Prokem* pria kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha pria ingkang proses pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun ingkang fungsipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Anjang kaliyan Mustolih saweg lenggahan ngrembag babagan tiyang sanes

Anjang : ‘Rizki **bode** beh pecicilan bae nang sekolahan.’
 ‘Rizki menika **bode**, ananging nakal kemawon ing sekolahan.’
 Mustolih : ‘Dhasare ket biyen kaya kae.’
 ‘Saking wiwitan sampun mekaten.’

Saking pethikan tuturan wonten data (42) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **bode**. Tembung *bode* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *bocah* saha tembung *desa* ingkang gadhah makna lare ingkang gesangipun ing desa. *Bocah desa* menika ugi ngemu teges bilih tiyang saking alit dumugi ageng namung ing padhusunan kemawon. Saking kekalih tembung kasebut wanda ingkang wingking ingkang dipunsingidaken. Wanda ‘cah’ saking tembung *bocah* dipunsingidaken dados ‘bo’, lajeng wanda ‘sa’ saking tembung *desa* dipunsingidaken dados ‘de’ saengga *bocah desa* dados *bode*.

Fungsi *prokem* tembung *bode* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Panutur nglisanaken tembung *bode* kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik dhateng tiyang sanes ingkang *nakal* ing sekolahan amargi tiyang menika gesangipun ing desa. Panutur ngandharaken kritik amargi boten remen kaliyan tiyang ingkang *nakal*. Panutur anggenipun ngandharaken panyaruwe utawi kritik boten langsung amargi tiyang ingkang dipunkritik menika sanjawining pawicantenan klompok kasebut. Panuturipun Anjang ingkang nedahaken dhateng Mustolih babagan tiyang sanes ingkang *nakal* ing sekolahan. Anjang kaliyan Mustolih menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nyingidaken setunggal utawi langkung wandanipun saha fungsipun kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Toni nedahaken dhateng Andri babagan tiyang sanes ingkang gadhah rikmanipun kriting

Toni : ‘Janjane Rani kae ayu tapi malah **ramkri**.’

‘Sejatosipun Rani menika ayu, ananging **ramkri**.’

Andri : ‘Nggo kowe bae nganah enyong ora njaluk.’

‘Kangge panjenengan kemawon mrika kula boten nyuwun.’

Saking pethikan tuturan wonten data (54) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **ramkri**. Tembung *ramkri* menika aslinipun saking kalih tembung inggih menika tembung *rambut* saha tembung *kriting* ingkang gadhah makna tiyang ingkang gadhah rikma boten lurus ananging *kriting*. Saking kekalih tembung kasebut wanda ingkang wingking ingkang dipunsingidaken. Wanda ‘but’ saking tembung *rambut* dipunsingidaken dados ‘ram’, lajeng wanda ‘ting’ saking tembung *kriting* dipunsingidaken dados ‘kri’ saengga *rambut kriting* dados *ramkri*.

Fungsi *prokem* tembung *ramkri* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Panutur nglisanaken tembung *ramkri* kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik dhateng tiyang sanes ingkang gadhah rikma awujud boten lurus ananging kriting. Panutur ngandharaken kritik amargi boten remen kaliyan tiyang ingkang rikmanipun

kriting. Panutur anggenipun ngandharaken panyaruwe utawi kritik boten langsung amargi tiyang ingkang dipunkritik menika sanjawining pawicantenan klompok kasebut. Panuturipun Toni ingkang nedahaken dhateng Andri babagan tiyang sanes ingkang gadhah rikma awujdu *kriting*. Toni kaliyan Andri menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2. Basa *prokem* wanita

Saking asiling panaliten dipunpanggiaken proses pandhapukipun *prokem* ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ing Desa Tukinggedong kaperang dados 3, inggih menika kanthi 1) muwuhi vokal (u) saha –in, 2) nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f), 3) nggantos vokalipun mawi vokal sanes. Bab menika badhe dipundharaken kados ing ngandhap menika.

a. *Prokem* wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in

Cara sanes proses pandhapukipun *prokem* kanthi cara muwuhi vokal (u) saha -in wonten ing tembung. Tembung ingkang dipunwuwuhi vokal (u) saha -in menika biasanipun ingkang wandanipun namung kalih. Cara menika anggenipun ndhapuk gampil ananging ugi wujud aslinipun angel dipunmangertosi dening tiyang sanes sanjawining klompok kasebut. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi muwuhi vokal (u) saha –in menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 2, inggih menika kangge 1)

nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 2) ndadosaken langkung akrab. Bab menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Prokem* wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi muwuhi vokal (u) saha -in ingkang fungsipun kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Heni kaliyan Ayu badhe kondur saking lapangan ing wanci sonten

Heni : ‘Aja liwat kuburan ya Yu, enyong **wuedin**.’
 ‘Sampun medal kuburan nggih Yu, kula **wuedin**.’
 Ayu : ‘Ora lah Hen.’
 ‘Boten Hen.’

Saking pethikan tuturan wonten data (5) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **wuedin**. Tembung *wuedin* menika aslinipun saking tembung wedi ingkang gadhah makna rumaos wedi. Proses pandhapukipun tembung wedi dados *wuedin* inggih menika kanthi cara muwuhi vokal (u) saha –in. Wondene prosesipun w+(u) dipunlajengaken ed+(in) saha vokal (i) wonten wingking dipunsingidaken, saengga wedi dados *wuedin*.

Fungsi *prokem* tembung *wuedin* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos

wedi. Panutur nglisanaken tembung *wuedin* kangge nedahaken raos wedi dhateng mitra tutur. Panutur rumaos wedi menawi kondur saking lapangan medal margi ingkang urutipun kuburan supados medal margi sanesipun. Panutur menika kalebet tiyang ingkang wedi kaliyan bab-bab ngengingi *ghaib*. Panuturipun Heni nedahaken dhateng Ayu bilih rumaos wedi menawi kondur medal kuburan. Heni kaliyan Ayu menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi muwuhi vokal (u) saha -in saha fungsipun kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Nani kaliyan Santi ngrembag babagan tiyang sanes ingkang sombong

Nani : ‘Enyong **kuesin** aring Lira, dadi wong koh sombong.’
 ‘Kula **kuesin** dhateng Lira, dados tiyang ingkang *sombong*.’
 Santi : ‘Nembe ngerti apa kowe Nan.’
 ‘Enggal mangertos menapa panjenengan Nan.’

Saking pethikan tuturan wonten data (24) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **kuesin**. Tembung *kuesin* menika aslinipun saking tembung *kesuh* ingkang gadhah makna nesu. Proses pandhapukipun tembung *kesuh* dados *kuesin* inggih menika kanthi cara muwuhi vokal (u) saha

–in. Wondene prosesipun k+(u) dipunlajengaken es+(in) saha (uh) wonten wingking dipunsingidaken, saengga *kesuh* dados *kuesin*.

Fungsi *prokem* tembung *kuesin* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos nesu. Panutur nglisanaken tembung *kuesin* kangge nedahaken raos nesu dhateng tiyang sanes sanjawining pirembagan kasebut. Panutur rumaos nesu dhateng Lira amargi Lira menika tiyang ingkang dados *sombong*. Panutur mangertosi Lira menika kanca saking jaman kala rumiyin, ananging samenika sampun boten tepang malih kaliyan panutur. Panuturipun Nani ingkang nedahaken dhateng Santi bilih rumaos nesu dhateng Lira ingkang *sombong*. Nani kaliyan Santi menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) *Prokem* wanita kanthi muwuhi vokal (u) saha –in kangge ndadosaken langkung akrab

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi muwuhi vokal (u) saha –in ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Santi nyuwun pamit dhateng Anis badhe kondur amargi sampun sonten

Santi : ‘Enyong **bualin** dhisit ya Hen anu wis sore.’
 ‘Kula **bualin** rumiyin nggih Hen amargi sampun sonten.’
 Anis : ‘Yawis ati-ati San.’
 ‘Inggih sampun ngatos-atos San.’

Saking pethikan tuturan wonten data (20) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **bualin**. Tembung *bualin* menika aslinipun saking tembung *bali* ingkang gadhah makna kondur. Proses pandhapukipun tembung *bali* dados *bualin* inggih menika kanthi cara muwuhi vokal (u) saha –in. Wondene prosesipun b+(u) dipunlajengaken al+(in) saha vokal (i) wonten wingking dipunsingidaken, saengga *bali* dados *bualin*.

Fungsi *prokem* tembung *bualin* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *bualin* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Santi anggenipun nyuwun pamit badhe kondur dhateng Anis amargi wekdalipun sampun sonten kanthi ngginakaken tembung *bualin*. Anis anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Santi. Santi ngginakaken *prokem* tembung *bualin* supados langkung akrab amargi Anis ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem bualin* menika. Panuturipun Santi ingkang nyuwun pamit badhe kondur dhateng Anis amargi wekdalipun sampun sonten. Santi kaliyan Anis menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi muwuhi vokal (u) saha –in saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Nani paring pitaken dhateng Anis babagan reremenanipun samenika wonten pundi

Nani : ‘**Puacin**mu si Bayu siki nang endi, kerja apa kuliah?
‘Bayu **puacin**ipun panjenengan samenika wonten pundi, nyambet damel menapa kuliah?’

Anis : ‘Kerja nang Bekasi adoh karo enyong.’
‘Nyambet damel wonten ing Bekasi dados tebih kaliyan kula.’

Saking pethikan tuturan wonten data (62) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **puacin**. Tembung *puacin* menika aslinipun saking tembung *pacar* ingkang gadhah makna reremenan. Proses pandhapukipun tembung *pacar* dados *puacin* inggih menika kanthi cara muwuhi vokal (u) saha –in. Wondene prosesipun p+(u) dipunlajengaken ac+(in) saha ar wonten wingking dipunsingidaken, saengga *pacar* dados *puacin*.

Fungsi *prokem* tembung *puacin* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *puacin* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Nani anggenipun paring pitaken dhateng Anis babagan reremenanipun samenika wonten pundi kanthi ngginakaken tembung *puacin*. Anis anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Nani. Nani ngginakaken *prokem* tembung *puacin* supados langkung akrab amargi Anis ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem puacin* menika. Panuturipun Nani ingkang paring pitaken dhateng Anis babagan reremenanipun. Nani kaliyan Anis menika kanca ingkang rumaket saha asring

kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

b. *Prokem* wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f)

Pandhapukipun *prokem* kanthi cara nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) langkung gampang. Proses menika ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ing desa Tukinggedong Kabupaten Kebumen. Tembung ingkang dipungantos konsonanipun saged namung setunggal, ugi saged sedaya konsonan wonten tembung menika ingkang dipungantos mawi konsonan (f). Tembung ingkang dipungantos konsonanipun menawi namung setunggal, pramila ngasilaken *prokem* ingkang boten beda sanget kaliyan aslinipun menawi dipuntingali saking wujudipun. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 3) ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. Bab menika badhe dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1) *Prokem* wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan

(f) kangge ndadosaken langkung akrab

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Anis paring pitaken dhateng Ayu babagan samangke konduripun kaliyan sinten

Anis : ‘Yu engko kowe bali karo **fafa**?’
 ‘Yu mangke panjenengan kondur kaliyan **fafa**?’
 Ayu : ‘Dhewekan Nis, kepriwe?’
 ‘Piyambakan Nis, kados pundi?’

Saking pethikan tuturan wonten data (9) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **fafa**. Tembung *fafa* menika aslinipun saking tembung *sapa* ingkang gadhah makna sinten. Proses pandhapukipun tembung *sapa* dados *fafa* inggih menika kanthi cara nggantos sedaya konsonanipun mawi konsonan (f). Konsonan (s) saha (p) saking tembung *sapa* dipungantos mawi konsonan (f) saengga *sapa* dados *fafa*.

Fungsi *prokem* tembung *fafa* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *fafa* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Anis anggenipun paring pitaken dhateng Ayu babagan samangke konduripun kaliyan sinten kanthi ngginakaken tembung *fafa*. Anis paring pitaken kados menika amargi pingin sareng kaliyan Ayu menawi Ayu konduripun piyambakan. Ayu anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Anis. Anis ngginakaken *prokem* tembung *fafa* supados langkung akrab amargi Ayu ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem fafa* menika. Panuturipun Anis ingkang paring pitaken dhateng Ayu babagan konduripun kaliyan sinten. Anis kaliyan Ayu menika kanca ingkang rumaket

saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Santi ngaturi Nani tindak dhateng dalemipun tiyang sanes badhe ngampil buku

Santi : ‘Nan batiri meh Nuri yuh nyelang buku.’
 ‘Nan mangga dipunrencangi dhateng dalemipun Nuri badhe ngampil buku.’
 Nani : ‘Ya ayuh, nunggang apa?’
 ‘Mangga nitih menapa?’
 Santi : ‘Nunggang **fit** bae.’
 ‘Nitih **fit** kemawon.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **fit**. Tembung *fit* menika aslinipun saking tembung *pit* ingkang gadhah makna *sepeda*. Proses pandhapukipun tembung *pit* dados *fit* inggih menika kanthi cara nggantos konsonanipun mawi konsonan (f). Konsonan (p) saking tembung *pit* dipungantos mawi konsonan (f) saengga *pit* dados *fit*. Tembung *prokem fit* menika boten beda sanget kaliyan wujud aslinipun *pit* menawi dipuntingali saking wujudipun.

Fungsi *prokem* tembung *fit* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *fit* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Santi

anggenipun ngaturi dhateng Nani babagan dipundhawuhi ngancani tindak dhateng dalemipun tiyang sanes kanthi ngginakaken tembung *fit*. Nani anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Santi. Santi ngginakaken *prokem* tembung *fit* supados langkung akrab amargi Nani ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem fit* menika. Panuturipun Santi ingkang ngaturi Nani tindak dhateng dalemipun tiyang sanes badhe ngampil buku. Santi kaliyan Nani menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) *Prokem* wanita kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan

(f) kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) ingkang fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Kuni kaliyan Santi ngrembag reremenanipun ingkang gadhah reremenan sanes

Kuni : ‘Pacarku kaya **afu** wis duwe pacar maning.’
 ‘Reremenan kula kados **afu** sampun gadhah reremenan sanes.’
 Santi : ‘Sing sabar ya Kun, ngesuk ulih sing lewih apik.’
 ‘Inkang sabar nggih Kun, benjang angsal ingkang langkung sae.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **afu**. Tembung *afu* menika aslinipun saking tembung *asu* ingkang gadhah makna jinising kewan. *Asu* menika salah setunggal jinising kewan ingkang dipunanggep haram ing umat muslim. Proses pandhapukipun tembung *asu* dados *afu* inggih menika kanthi cara nggantos konsonanipun mawi konsonan (f). Konsonan (s) saking tembung *asu* dipungantos mawi konsonan (f) saengga *asu* dados *afu*. Tembung *prokem afu* menika boten beda sanget kaliyan wujud aslinipun *asu* menawi dipuntingali saking wujudipun.

Fungsi *prokem* tembung *afu* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus. *Asu* menika tembung ingkang kaanggep kasar dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *afu*. Panutur nglisanaken tembung *afu* supados boten rumaos isin menawi pirembagan kasebut dipunmirengaken dening tiyang sanes. Tembung *afu* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *asu*. Panuturipun Kuni ingkang nedahaken dhateng Santi bilih reremenanipun sampun gadhah reremenan sanes. Kuni kaliyan Santi menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nggantos konsonan tartamtu mawi konsonan (f) saha fungsipun kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados langkung alus kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Santi kaliyan Nani ngrembag badhe wisata ing dinten Minggu ananging boten sios

Santi : ‘Minggu wingi ngomonge arep pelsir meng Owabong, ora sida.’

‘Minggu kepengker ngendika badhe wisata dhateng Owabong, ananging boten sios.’

Nani : ‘Ngapurane ya aku dikon meng meh dulurku meng Klirong.’

‘Ngapunten nggih kula dipundhawuhi dhateng dalemipun sederek kula wonten Klirong.’

Santi : ‘Kaya **bafi**.’

‘Kados **bafi**.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **bafi**. Tembung *bafi* menika aslinipun saking tembung *babi* ingkang gadhah makna jinising kewan. *Bafi* menika salah setunggal jinising kewan ingkang *rakus*, *jorok*, saha dipunanggep haram ing umat muslim. Proses pandhapukipun tembung *babi* dados *bafi* inggih menika kanthi cara nggantos konsonanipun mawi konsonan (f). Konsonan (b) ingkang wanda kekalih saking tembung *babi* dipungantos mawi konsonan (f) saengga *babi* dados *bafi*. Tembung *prokem bafi* menika boten beda sanget kaliyan wujud aslinipun *babi* menawi dipuntingali saking wujudipun.

Fungsi *prokem* tembung *bafi* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar supados

langkung alus. *Babi* menika tembung ingkang kaanggep kasar dening masarakat, saengga panutur anggenipun nglisanaken kanthi ngginakaken tembung *bafi*. Panutur nglisanaken tembung *bafi* supados boten damel sakiting manah tiyang ingkang dados mitra tuturipun saha dipunraos boten ngina. Tembung *bafi* menika dipunanggep langkung alus tinimbang tembung aslinipun inggih menika *babi*. Panuturipun Santi ingkang nedahaken rumaos kuciwa dhateng Nani amargi badhe wisata ing dinten Minggu ananging boten sios. Santi kaliyan Nani menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

c. *Prokem* wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes

Cara sanes pandhapukipun tembung ingkang kalebet *prokem* inggih menika kanthi nggantos vokalipun ing tembung mawi vokal sanesipun. Cara menika anggenipun ngewahi wujud asalipun cekap gampil amargi namung vokalipun ingkang dipungantos mawi vokal sanes. Tembung ingkang sedaya vokalipun sami biasanipun ingkang dipungantos, ananging ugi wonten ingkang namung setunggal vokalipun ingkang dipungantos saremenipun tiyang ingkang ngginakaken *prokem* kasebut. Proses pandhapukipun *prokem* kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes menawi dipuntingali saking fungsipun kaperang dados 3, inggih menika kangge 1) ndadosaken langkung akrab, 2) nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah, 3) nyingidaken satunggaling perkawis. Bab menika badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) *Prokem* wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes kangge ndadosaken langkung akrab

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes ingkang fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Ayu ngaturi Heni mundhut lotek ing warungipun Daliem

Ayu : ‘**Tiki** lotek aring warunge Daliem yuh Hen.’
 ‘Mangga **tiki** lotek wonten warungipun Daliem Hen.’
 Heni : ‘Bayarna ya gelem enyong.’
 ‘Dipunbayaraken nggih kula purun.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **tiki**. Tembung *tiki* menika aslinipun saking tembung *tuku* ingkang gadhah makna mundhut. Proses pandhapukipun tembung *tiki* menika kanthi nggantos sedaya vokal (u) saking tembung *tuku* mawi vokal (i) saengga *tuku* dados *tiki*.

Fungsi *prokem* tembung *tiki* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *tiki* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Ayu anggenipun ngaturi dhateng Heni mundhut lotek ing warungipun Daliem kanthi ngginakaken tembung *tiki*. Heni anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Ayu. Ayu ngginakaken *prokem* tembung *tiki* supados langkung akrab amargi Ayu ugi sampun mangertosi

makna tembung *prokem tiki* menika. Panuturipun Ayu ingkang ngaturi dhateng Heni mundhut lotek ing dalemipun Daliem. Ayu kaliyan Heni menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes saha fungsipun kangge ndadosaken langkung akrab kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Nani nyuwun pirsa dhateng Santi ingkang enggal rawuh babagan reremenanipun ingkang enggal

Nani : ‘Wah..**picire** anyar, ora tau keton nek Minggu.’
 ‘Wah..**piciripun** enggal, boten nate ketingal menawi dinten Minggu.’
 Santi : ‘Ya jelas lah enyong.’
 ‘Nggih cetha kula.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **picir**. Tembung *picir* menika aslinipun saking tembung *pacar* ingkang gadhah makna reremenan. Proses pandhapukipun tembung *picir* menika kanthi nggantos sedaya vokal (a) saking tembung *pacar* mawi vokal (i) saengga *pacar* dados *picir*.

Fungsi *prokem* tembung *picir* salebeting pirembagan nginggil inggih menika kangge ndadosaken langkung akrab. Panutur sengaja nglisanaken tembung *picir* supados rumaos caket antawis panutur kaliyan mitra tutur. Nani

anggenipun nyuwun pirsu dhateng Santi ingkang enggal rawuh babagan reremenanipun ingkang enggal kanthi ngginakaken tembung *picir*. Santi anggenipun mangsuli kanthi *respon* ingkang biasa amargi sampun akrab kaliyan Nani. Nani ngginakaken *prokem* tembung *picir* supados langkung akrab amargi Santi ugi sampun mangertosi makna tembung *prokem picir* menika. Panuturipun Nani ingkang nyuwun pirsu dhateng Santi ingkang enggal rawuh babagan reremenanipun ingkang enggal. Nani kaliyan Santi menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

2) *Prokem* wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes kangge nedahaken salah bawa saha pangraosaning manah

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes ingkang fungsipun kangge nedahaken salah bawa saha pangraosaning manah kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Heni nedahaken dhateng Ayu bilih rumaos remen nalika ningali pria ingkang rupanipun bagus

Heni : ‘Enyong **sining** nek deleng cah lanang raine resik.’
‘Kula **sining** menawi ningali lare jaler ingkang pasemonipun resik.’

Ayu : ‘Enyong padha bae karo kowe Hen pas lah.’
‘Kula sami kaliyan panjenengan Hen.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang

dipunginakaken inggih menika **sining**. Tembung *sining* menika aslinipun saking tembung *seneng* ingkang gadhah makna remen. Proses pandhapukipun tembung *sining* menika kanthi nggantos sedaya vokal (e) saking tembung *seneng* mawi vokal (i) saengga *seneng* dados *sining*.

Fungsi *prokem* tembung *sining* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos remen. Panutur nglisanaken tembung *sining* kangge nedahaken raos remen menawi ningali tiyang jaler ingkang rupanipun bagus. Panutur menika boten gadhah reremenan, pramila *khayal* babagan pria ingkang bagus menawi ngenjang saged gadhah reremenan ingkang gadhah ciri rupanipun bagus. Raos remen menika kawujud amargi wontenipun raos *cinta* ingkang dipuntingali *indah, bagus*, utawi *cantik*. Panuturipun Heni ingkang nedahaken dhateng Ayu bilih rumaos remen nalika ningali pria ingkang rupanipun bagus. Heni kaliyan Ayu menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes saha fungsipun kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Kuni nedahaken raos kuciwa amargi sampun rawuh gasik ananging bank menika tutup

- Kuni : ‘Aku wis mangkat gasik malah banke tutup mau **isim bingit**.’
 ‘Kala wau kula sampun tindak gasik ananging bank tutup **isim bingit**.’
- Santi : ‘Bank dina Setu ya tutup lah, kelalen apa?’
 ‘Bank dinten Setu nggih tutup, kesupen menapa?’

Saking pethikan tuturan wonten data (60) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **isim bingit**. *Isim bingit* menika kadhapuk saking kalih tembung inggih menika tembung *isim* saha *bingit*. Tembung *isim* menika aslinipun saking tembung ‘asem’, wondene tembung *bingit* menika aslinipun saking tembung ‘banget’. Proses pandhapukipun tembung *asem* dados *isim* menika kanthi nggantos vokal (a) saha vokal (e) saking tembung *asem* mawi vokal (i) saengga *asem* dados *isim*. Salajengipun Proses pandhapukipun tembung *banget* dados *bingit* menika kanthi nggantos vokal (a) saha vokal (e) saking tembung *banget* mawi vokal (i) saengga *banget* dados *bingit*.

Fungsi *prokem* tembung *isim bingit* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nedahaken solah bawa saha pangraosaning manah rumaos kuciwa. Panutur nglisanaken tembung *isim bingit* kangge nedahaken raos kuciwa amargi sampun tindak gasik dhateng bank, ananging bank menika tutup. Panutur kesupen menawi dinten Setu menika bank tutup. Panutur sampun tindak langkung gasik saha sampun tindak tebih tumuju bank ananging boten jumbuh kaliyan ingkang dipunkajengaken saengga panutur rumaos kuciwa. Panuturipun Kuni ingkang nedahaken dhateng Santi rumaos kuciwa. Kuni kaliyan Santi menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal

sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

3) *Prokem* wanita kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes kangge nyingidaken satunggaling perkawis

Prokem ingkang dipunginakaken dening kawula mudha wanita ingkang proses pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes ingkang fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks : Anis kaliyan Nani guneman ngrembag nalika ngimpi wau ndalu

Anis : ‘Enyong mau mbengi ngimpi apa ya kelalen nganti **ngempel**.’
‘Kula wau dalu ngimpi menapa nggih kesupen ngantos **ngempel**.’

Nani : ‘Kaya bocah cilik kowe.’
‘Panjenengan kados lare alit.’

Saking pethikan tuturan wonten data (26) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **ngempel**. Tembung *ngempel* menika aslinipun saking tembung *ngompol* ingkang gadhah makna boten sengaja *buang air kecil* utawi *kencing*. Proses pandhapukipun tembung *ngompol* dados *ngempel* menika kanthi nggantos sedaya vokal (o) saking tembung *ngompol* mawi vokal (e) saengga *ngompol* dados *ngempel*.

Fungsi *prokem* tembung *ngempel* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *kencing* ing papan sarean. Panutur nyingidaken babagan *kencing* ing papan sarean amargi saged rumaos

isin menawi tiyang sanes mangertos bab menika. Panutur menika sanes lare alit malih menawi taksih *kencing* ing papan sarean menika saged dados bahan *ejekan* dening kanca-kancanipun. Panutur supados boten rumaos isin kanthi nyingidaken perkawis menika kanthi ngginakaken *prokem* tembung *ngempel* supados tiyang sanes boten mangertos sanajan boten dipunsengaja. Panuturipun Anis ingkang nedahaken dhateng Ayu bilih ngimpi ing wekdal wau ndalu ngantos *kencing*. Anis kaliyan Ayu menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *prokem* ingkang pandhapukipun kanthi nggantos vokalipun mawi vokal sanes saha fungsipun kangge nyingidaken satunggaling perkawis kados ing pethikan tuturan wonten ngandhap menika.

Konteks : Nita nedahaken dhateng Anis bilih salah setunggal kancanipun nalika SMA sampun seda

Nita : ‘Aku krungu Pawit wis ninggal bunuh dhiri nang penjara anu dadi **cipot**.’

‘Kula mireng bilih Pawit sampun seda *bunuh dhiri* wonten penjara dados **cipot**.’

Anis : ‘Apa iya?enyong mandan ngerti Pawit kuwe.’

‘Menapa inggih? Kula radi mangertos Pawit.’

Saking pethikan tuturan wonten data (61) ing nginggil saged kapanggihaken tembung ingkang kalebet basa *prokem*. Basa *prokem* ingkang dipunginakaken inggih menika **cipot**. Tembung *cipot* menika aslinipun saking tembung *copet* ingkang gadhah makna padamelan ingkang dipunawisi dening

masarakat. Proses pandhapukipun tembung *copet* dados *cipt* menika kanthi nggantos vokal (o) saking tembung ‘copet’ mawi vokal (i), lajeng vokal (e) saking tembung ‘copet’ mawi vokal (o) saengga *copet* dados *cipt*.

Fungsi *prokem* tembung *cipt* ing pirembagan nginggil inggih menika kangge nyingidaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunsingidaken ing data nginggil inggih menika *copet*. Panutur nyingidaken babagan *copet* amargi tiyang ingkang dados *copet* menika ingkang dipunrembag inggih menika salah setunggal kancanipun panutur saha mitra tutur nalika SMA kala rumiyin. Panutur nglisanaken *prokem* tembung *cipt* gadhah ancas supados tiyang sanjawining pirembagan kasebut boten mangertos amargi boten tega dhateng tiyang kasebut sampun seda. Panuturipun Nita ingkang nedahaken dhateng Anis bilih salah setunggal kancanipun nalika SMA sampun seda. Nita kaliyan Anis menika kanca ingkang rumaket saha asring kempal sareng. Kawontenan ingkang ndayani pawicantenan wonten ing nginggil inggih menika kawontenan ingkang santé.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten kaliyan pirembagan babagan basa *prokem* dening para kawula mudha ing Desa Tukunggedong, pramila saged kadamel dudutanipun ing ngandhap menika.

